

**PIWULANG ING SALEBETING DOLANAN TRADHISIONAL  
ING KARANGANYAR KELURAHAN BRONTOKUSUMAN  
KECAMATAN MERGANGSAN YOGYAKARTA**

**SKRIPSI**

Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Sarat  
*kangge Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan*



dening

**Husni Mubarok**

NIM 10205241025

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2015**

**PASARUJUKAN**

Skripsi kanthi irah-irahan *Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta* menika sampun pikantuk idi palilah saking pembimbing skripsi supados dipunandharaken wonten ing sangajengipun Dewan Penguji.



Yogyakarta, 11 Desember 2014

Dosen Pembimbing,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Purwadi', is written over the printed name.

Dr. Purwadi, M.Hum.

NIP 19710916 200501 1 001


**PANGESAHAN**

Skripsi kanthi irah-irahan *Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta* menika sampun dipunandharaken ing salebeting pendadaran wonten ing sangajengipun Dewan Penguji rikala Dinten Jemuah tanggal 2 Januari 2015 saha sampun katetepaken lulus.

**DEWAN PENGUJI**

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji		26-1-2015
Venny Indria Ekowati, S.Pd., M. Litt.	Sekretaris Penguji		20-1-2015
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji I		26-1-2015
Dr. Purwadi, M.Hum.	Penguji II		20-1-2015

Yogyakarta, 27 Januari 2015  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.  
NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Kula ingkang tandha tangan ing ngandhap menika :

Nama : **Husni Mubarok**

NIM : 10205241025

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

Irah-irahan : Piwulang ing salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan  
Mergangsan Yogyakarta

Kula ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika minangka asiling panaliten kula piyambak. Samangertos kula *karya ilmiah* menika boten ngemot *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan wonten ing wedharan menika kula serat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula minangka pribadi.

Yogyakarta, 25 Oktober 2014

Panyerat,



Husni Mubarok

## SASANTI

“He manungsa, sejatine Gusti Allah iku nyipta sira dadi lanang lan wadon, lan kadadean seka maneka warni bangsa lan suku, supaya sira kabeh padha sesrawungan, sejatine titah kang paling becik ing Ngarsanipun Gusti Allah yaiku titah kang taqwa. Sejatine Gusti Allah iku dzat kang Maha Pirsamarang sakabehe.” (Al-Quran Surat Al-Hujurat:13)

*“Sebaik-baik manusia adalah manusia yang bermanfaat bagi orang lain.”  
(hadist Rasulullah SAW)*

“Sholat, sabar, syukur kaliyan semangat menika insyallah saged dados kunci kangge sukses donya akherat.”

(panyerat)

## PISUNGSUNG

Alhamdulillahirobbil'alamiin, puja-puji sokur tansah konjuk dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah ingkang sampun paring sedaya nikmat, barokah, saha rejeki ingkang kathah. *Karya Ilmiah* menika kula aturaken dhumateng Bapak Ibu Salahudin Siti Dalidah, Babe Ibu Kholid Moris Yani Zimah. Mas-mas, mbak-mbak, adhi kula. Mas Yuni, mbak Tri, mas Yaser, mas Amar, mbak Novi, Ali, mbak Rina, mbak Erma, mbak Nunung, mbak Nimas, mas Dimas. Matur nuwun sanget sedayanipun sampun dados semangat kangge kula, tansah nyengkuyung kaliyan ndongaaken kula. Sedaya ugi tansah paring pitutur saha piweling ingkang dados wigatos kangge kula. *Jazakumullahkhairankatsira.*

## PRAWACANA

Puji sokur konjuk dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun ngluberaken sagunging *rahmat* kaliyan *hidayah* satemah panyerat saged mujudaken *skripsi* menika kanthi dipunparingi gampil saha lancar boten wonten alangan setunggal menapa kemawon. Panyerating skripsi menika saged purna ugi boten uwal saking panyengkuyungipun saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan dhumateng *pihak-pihak* ing ngandhap menika :

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd. MA. minangka Rektor wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun kersa paring idi ngrantam *skripsi* menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum, minangka pangarsa jurusan Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring idi saha piwulang salami kula nderek maguru.
4. Bapak Dr. Purwadi, M.Hum, minangka *Pembimbing* ingkang sampun kersa paring wejangan saha nuntun kanthi sabar.
5. Bapak Prof. Dr. Suwarna, M.Pd, minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun kersa paring piwulang saha wejangan dhateng panyerat.
6. Bapak saha Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun kersa paring pitutur, wejangan, ngelmu kaliyan pangestu dhateng panyerat.
7. Bapak Salahudin Ibu Dalidah, Babe Kholid Moris Ibu Yani Zimah, matur nuwun *jazakumullahukhairankatsirah*.
8. Para kangmas, mbakyu, adhi, sedherek-sedherek, matur nuwun awit saking donga kaliyan pitulunganipun.
9. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang kula tresnani, mliginipun para kanca kelas A 2010 ingkang sampun paring donga kaliyan panyengkuyungipun kangge kula.
10. Adhinda ingkang tansah kula tresnani, matur nuwun awit saking sedayanipun.

11. Kanca-kanca mudha mudhi Karanganyar, kanca-kanca JOXZIN kaliyan adhek-adhek APIKA ingkang sampun nyengkuyung kula.
12. Sedaya priyantun ingkang sampun kersa paring panyengkuyung kaliyan pangestunipun ingkang boten saged kula andharaken setunggal mbaka setunggal.

Panyerat rumaos bilih anggenipun nyerat *skripsi* menika taksih kathah lepat saha kirangipun. *Skripsi* menika taksih tebih saking sampurna, ananging panyerat gadhah panggayuh muging *skripsi* menika migunani tumrap para pamaos. Mekaten atur panyerat, muging *skripsi* menika saged murakabi. Matur nuwun sanget, muging-muging sedayanipun pikantuk ganjaran mapikel-pikel saking Gusti Allah SWT.

Yogyakarta, 25 Oktober 2014

Panyerat,

Husni Mubarak

## WOSING ISI

	Kaca
<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>PANGESAHAN</b> .....	iii
<b>WEDHARAN</b> .....	iv
<b>SESANTI</b> .....	v
<b>PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>WOSING ISI</b> .....	ix
<b>PRATHELAN GAMBAR</b> .....	xii
<b>PRATHELAN <i>LAMPIRAN</i></b> .....	xiii
<b>PRATHELAN <i>TABEL</i></b> .....	xiv
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	xv
<b>BAB I PURWAKA</b> .....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Perkawis .....	5
C. Watesaning Perkawis .....	5
D. Wosing Perkawis .....	5
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten .....	6
1. Paedah <i>Teoritis</i> .....	6
2. Paedah <i>Praktis</i> .....	6

<b>BAB II GEGARAN TEORI</b> .....	7
A. <i>Folklor</i> .....	7
B. Dolanan Tradhisional.....	9
C. Paedah Dolanan Tradhisional .....	10
D. Piwulang Dolanan Tradhisional .....	11
E. Panaliten ingkang gayut .....	13
<b>BAB III CARA PANALITEN</b> .....	14
A. Jinising Panaliten .....	14
B. <i>Instrumen</i> Panaliten .....	15
C. <i>Sumber Data</i> Panaliten .....	16
D. Nemtokaken <i>Informan</i> .....	17
E. <i>Setting</i> Panaliten.....	18
F. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i> .....	19
1. <i>Pengamatan Terlibat</i> .....	20
2. <i>Wawancara secara mendalam</i> .....	20
3. <i>Dokumentasi</i> .....	21
G. Caranipun Ngalalisis <i>Data</i> .....	21
H. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i> .....	22
<b>BAB IV ASILING PANALITEN</b> .....	25
A. <i>Deskripsi</i> Papan Panaliten .....	25
B. <i>Klasifikasi</i> Jinising Dolanan Tradhisional .....	28
1. Adhedhasar Jinising <i>Kelamin</i> Lare-lare ingkang Dolanan ...	28
2. Adhedhasar Wekdal kangge Dolanan.....	31

3. Adhedhasar Pirantos kangge Dolanan .....	32
4. Adhedhasar Sekar iringan .....	33
5. Adhedhasar Cacahipun <i>Pemain</i> .....	34
C. Caranipun Dolanan Tradhisional .....	36
D. Piwulang ing salebeting Dolanan Tradhisional .....	56
1. Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah .....	56
2. Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat .....	58
3. Piwulang ingkang gayut kaliyan pribadinipun piyambak.....	59
<b>BAB V PANUTUP</b> .....	61
A. Dudutan.....	61
B. <i>Implikasi</i> .....	62
C. Pamrayogi .....	63
<b>KAPUSTAKAN</b> .....	64
<b>LAMPIRAN</b> .....	66

## PRATHELAN GAMBAR

	Kaca
Gambar 1 : Dolanan engkol Wiku mungsuh Firman .....	66
Gambar 2 : Ali kaliyan kanca-kanca dolanan jek-jekan .....	67
Gambar 3 : Ali ngulokake layangan ing Wal Fajri .....	68
Gambar 4 : Fafa sakanca dolanan gobak sodhor.....	69
Gambar 5 : Wira kaliyan Opik dolanan mul-mulan.....	70
Gambar 6 : Zazid kaliyan Yoga ndhelik ing cedhak wit.....	71
Gambar 7 : Lare-lare dolanan kucingan.....	72
Gambar 8 : Lare-lare dolanan nekeran.....	73
Gambar 9 : Sepak sekong ngginakaken bal .....	74
Gambar 10 : Ali kaliyan Firman pados pring minangka pirantos kangge ndamel dolanan egrang.....	75
Gambar 11 : Firman miwiti dolanan benthik .....	76
Gambar 12 : Opik, Yoga kaliyan Firman dolanan dhingklik oglak- aglik wonten ing lapangan .....	77
Gambar 13 : Lare-lare dolanan cublak-cublak suweng.....	78
Gambar 14 : Firman kaliyan Wira nata kreweng kangge dolanan boi-boinan .....	79
Gambar 15 : Lare-lare TK ABA dolanan oyak ndhodok.....	80
Gambar 16 : Lare-lare TK ABA dolanan oyak matung.....	81
Gambar 17 : Eling mungsuh Wiku dolanan dhakon .....	82
Gambar 18 : Kiki dolanan engklek gambar pesawat .....	83
Gambar 19 : Kiki gladhen dolanan gamparan .....	84
Gambar 20 : Abang, Ali, Wiku kaliyan Firman dolanan jamuran jamur karet .....	85
Gambar 21 : Ali kaliyan kanca-kanca dolanan endhog-endhogan.....	86

## **PRATHELAN LAMPIRAN**

	Kaca
<i>Lampiran 1 : Catatan Lapangan Observasi .....</i>	66
<i>Lampiran 2 : Catatan Lapangan Wawancara .....</i>	87
<i>Lampiran 3 : Surat Pernyataan Informan.....</i>	105
<i>Lampiran 4 : Surat Permohonan Ijin dari FBS .....</i>	113
<i>Lampiran 5 : Surat Ijin Pemerintah Provinsi D.I Yogyakarta.....</i>	114

## PRATHELAN TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1: Klasifikasi Jinising Dolanan Tradhisional .....</i>	27
<i>Tabel 2: Pirantos kangge Dolanan Tradhisional .....</i>	32
<i>Tabel 3: Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah.....</i>	56
<i>Tabel 4: Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat.....</i>	57
<i>Tabel 5: Piwulang ingkang gegayutan kaliyan pribadinipun piyambak .....</i>	59

**PIWULANG ING SALEBETING DOLANAN TRADHISIONAL  
ING KARANGANYAR KELURAHAN BRONTOKUSUMAN  
KECAMATAN MERGANGSAN YOGYAKARTA**

**Dening Husni Mubarak  
NIM 10205241025**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken jinising dolanan tradhisional saha piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Dolanan tradhisional menika salah satunggaling wujud warisan budaya. Dolanan tradhisional taksih lestantun wonten ing pundi-pundi, mliginipun wonten ing Jawa. Salah satunggal tlatah ingkang taksih nglestantunaken dolanan tradhisional inggih menika wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

Panaliten menika ngginakaken *metode kualitatif*. Papanipun panaliten wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Panaliti pados *data* kanthi cara *wawancara*, nyuwun pirsu dhumateng *informan*. *Informan* dipuntektokaken kanthi cara *teknik snowballing*. Sumber *data* saking *human sources* kaliyan *non human sources*. Sumber *data* saking *human sources* inggih menika *data* saking *informan*, menawi sumber *data non human sources* inggih menika awujud gambar-gambar foto, *catatan*, kaliyan asiling *wawancara*. Caranipun *analisis data* inggih menika kanthi cara *induktif*, lumantar *triangulasi*.

Asiling panaliten dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika nedahaken bilih: (1) jinising dolanan tradhisional. Jinising dolanan tradhisional menika kaperang miturut saking lare ingkang dolanan, wekdal, pirantos saha iringanipun. Wonten dolanan tradhisional ingkang kangge piyambak wonten ugi dolanan ingkang kangge sareng-sareng, (2) asiling panaliten ingkang nedahaken wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika wonten piwulangipun. Wonten mapinten-pinten piwulang ingkang saged dipunpendhet. Piwulangipun gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah, antawisipun priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat, kaliyan kangge pribadinipun piyambak.

## **BAB I PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Indonesia menika salah satunggaling nagari ingkang gadhah maneka warni suku bangsa, agami, adat kaliyan tradhisi. Kathah adat kaliyan tradhisi ingkang tuwuh ing saben daerah. Adat kaliyan tradhisi menika wujudipun maneka warni, wonten ingkang awujud seni tradhisi daerah, tembang daerah, upacara adat, dolanan tradhisional kaliyan sanes-sanesipun. Saben daerah menika gadhah maneka warni tradhisi ingkang beda-beda antawis daerah setunggal kaliyan daerah sanesipun. Maneka warni tradhisi ingkang tuwuh menika ingkang mbedaaken inggih menika bedanipun kahanan alam. Tradhisi menika dados salah satunggaling ciri khas wonten ing saben daerah.

Kathah sanget budaya bangsa ingkang sampun dados warisan budaya. Purwadi (2012: 7) ngandharaken bilih “*kekayaan budaya bangsa tersebut memang berlimpah ruah bentuknya. Generasi sekarang tinggal mewarisi dengan cara yang lebih aktif, modifikatif dan kreatif.*” Andharan menika laras kaliyan kasunyatan bilih wonten ing Indonesia mliginipun ing Jawa menika kathah sanget kabudayanipun. *Generasi* mudha kedah saged njagi kaliyan nglestantunaken kanthi cara ingkang *aktif, modifikatif kaliyan kreatif.*

Dolanan tradhisional menika kalebet salah satunggaling tradhisi. Wonten ing Jawa dolanan tradhisional minangka salah satunggaling tradhisi ingkang sampun dados salah satunggaling warisan budaya. Dolanan tradhisional menika tuwuh kaliyan ngrembaka awit saking rumiyin dumugi samenika. Dolanan tradhisional menika ngginakaken pirantos ingkang prasaja. Papan kangge dolanan

ugi ngginakaken papan menapa wontenipun. Dolanan tradhisional menika boten mbetahaken arta ingkang kathah namung cekap nyamektakaken papan kaliyan pirantos kangge dolanan.

Miturut Yunus (1981: 17), *permainan tradisional sering disebut juga dengan permainan rakyat yang merupakan permainan yang tumbuh dan berkembang berdasar kebutuhan masyarakat setempat dan berdasar kondisi lingkungan*. Tegesipun inggih menika dolanan tradhisional ugi kasebut dolanan rakyat ingkang tuwuh kaliyan ngrembaka adhedhasar kabetahan masarakat kaliyan adhedhasar kahanan lingkunganipun. Dolanan tradhisional menika wonten kathah wujudipun. Tuladhanipun dolanan tradhisional inggih menika boi-boinan, benthik, cublak-cublak suweng, kaliyan dhingklik oglak-aglik. Taksih kathah lare-lare ingkang remen dolanan tradhisional. Saben ing wekdal sela wonten bocah-bocah ingkang dolan sareng-sareng dolananipun dolanan tradhisional.

Dolanan tradhisional samenika sampun awit dipuntilar kaliyan lare-lare. Namung sekedhik lare-lare ingkang taksih remen kaliyan dolanan tradhisional. Kathah bab ingkang ndadosaken lare-lare sampun kirang remen kaliyan dolanan tradhisional. Sampun sisah samenika nemokaken lare-lare ingkang dolanan sareng kaliyan kanca-kancanipun mliginipun dolanan tradhisional. Lare-lare langkung milih dolanan *modern* tinimbang dolanan tradhisional.

Priyantun Jawa kedah wigatos kaliyan dolanan tradhisional. Ampun ngantos lare-lare samenika boten tepang kaliyan dolanan tradhisional ingkang sampun dados warisan *turun-temurun*. Lare-lare kedah dipuntepangaken malih kaliyan dolanan tradhisional, supados lare-lare saged nguri-uri dolanan

tradhisional minangka warisan kabudayan. Prihatos sanget bilih dolanan tradhisional sampun boten dipuntepang kaliyan lare-lare, amargi wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika wonten piwulangipun.

Dolanan tradhisional namung saged dipunteliti kaliyan dipunkaji kanthi cara mandhap langsung wonten ing lapangan utawi papan panaliten. Awit saking menika kanthi mapinten-pinten perkawis menika ndadosaken panaliti badhe neliti dolanan tradhisional minangka *subyek* panaliten kangge ngandharaken jinis-jinis dolanan tradhisional kaliyan ngandharaken piwulang-piwulang ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional.

Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta saged dipuntingali bilih taksih kathah lare-lare ingkang nglestantunaken dolanan tradhisional. Saking *observasi* ingkang sampun kula lampahi, wonten maneka warni dolanan tradhisional Jawa ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Kula kinten bab menika saged kula teliti kangge ndamel *skripsi*. Pramila kula ngrantam kaliyan nyamektaaken sedaya ingkang kula betahaken kangge panaliten supados boten wonten ingkang dados reribeting rikala pados data kaliyan nyerat *skripsi*.

Ing jaman *modern* samenika tuwuh dolanan ingkang *modern* kadosta dolanan-dolanan *elektronik* ingkang awis reginipun. Kathah dolanan *game online* kaliyan dolanan *modern* ingkang saged ndadosaken lare-lare menika langkung milih dolanan *game* menika tinimbang dolanan tradhisional. Ananging dumugi samenika dolanan tradhisional taksih wonten ingkang dolanan saengga tansah lestantun. Dolanan tradhisional boten kalah kaliyan dolanan *modern*. Dolanan

tradhisional menika kedah dipunjagi kaliyan dipunlestantunaken supados dolanan tradhisional boten ical.

Ing salebeting dolanan tradhisional Jawa menika wonten mapinten-pinten piwulang ingkang saged dipunpendhet. Piwulang menika saged ndadosaken lare-lare mangertos menapa paedah saha mumpangat saking dolanan menika. Kathah piwulang sae ingkang saged kangge lare-lare. Miturut Alam (2000: 20), *melalui bermain seorang anak-anak dapat mengembangkan fantasi, daya imajinasi dan kreatifitasnya*. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih dolanan menika wonten paedah kaliyan piwulangipun. Piwulang menika saged kangge piwulang priyantun gesang ing alam donya menika.

Panaliti nemtokaken papan panaliten wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta amargi panaliti gadhah pamanggih bilih wonten ing Karanganyar menika trep kangge panaliten bab dolanan tradhisional. Masarakat wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika taksih nglestantunaken budaya, kasunyatanipun masarakat Karanganyar taksih nguri-uri budaya tuladhanipun sekar macapat kaliyan medhar sabda ngginakaken Basa Jawa. Wonten ing adicara tirakatan kamardhikan ugi wonten lomba-lomba bab budaya.

Kasunyatan sanes inggih menika wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika taksih kathah lare-lare ingkang nglestantunaken dolanan tradhisional. Kasunyatanipun taksih kathah lare-lare remen dolanan tradhisional, tuladhanipun engklek, cublak-cublak suweng

kaliyan sanesipun. Mugi-mugi saking panaliten menika saged kangge salah satunggaling cara kangge nepangaken dolanan tradhisional mliginipun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Mugi-mugi panaliten menika saged kangge nglestantunaken dolanan tradhisional.

#### **B. Underaning Perkawis**

1. Jinising dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.
2. Caranipun dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.
3. Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.
4. Dolanan tradhisional taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

#### **C. Watesaning Perkawis**

1. Jinising dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.
2. Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

#### **D. Wosing Perkawis**

1. Menapa kemawon jinising dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
2. Menapa piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?

## **E. Ancasing Panaliten**

1. Ngandharaken jinising dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.
2. Ngandharaken piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

## **F. Paedahing Panaliten**

### **1. Paedah *Teoritis***

Paedah *teoritis* saking panaliten menika antawisipun inggih menika saged kangge nambah seserepan dhateng mahasiswa kaliyan priyantun sanes bab jinising dolanan tradhisional Jawa ingkang kedah dipunjagi kaliyan dipunlestantunaken supados boten ical. Lajeng paedah sanes saking panaliten menika inggih menika saged kangge nambah pangertosan bab piwulang ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional.

### **2. Paedah *Praktis***

Paedah *praktis* saking panaliten menika, kangge *pemerintah kota* mliginipun kangge *pemerintah kota* Yogyakarta, saged kangge *inventarisasi* jejangkeping *dokumentasi* mliginipun bab dolanan tradhisional wonten ing Yogyakarta. Dene kangge mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kangge nambah seserepan utawi pangertosan bab dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun dumugi samenika.

## **BAB II GEGARAN TEORI**

### **A. Folklor**

*Folklor* menawi dipuntingali saking seratanipun, karantam saking kalih tembung, inggih menika tembung *folk* kaliyan tembung *lore*, wonten ing kamus InggrisIndonesia, seratan Echols kaliyan Hassan Shadily (1976: 251), ngandharaken *folk* menika tegesipun *rakyat*, bangsa. Tembung *lore* tegesipun inggih menika adat, *pengetahuan*. Menawi folklore tegesipun inggih menika dongeng-dongeng utawi cariyos rakyat. Miturut Purwadi (2012: 2), tembung *folk* tegesipun inggih menika *kolektif* utawi sesarengan. Tembung *lore* tegesipun inggih menika tradhisi ingkang dipunwarisaken kanthi cara *turun-temurun*. Saking pamanggih-pamanggih menika saged dipundudut pangertosanipun *folklor* menika adat utawi budaya rakyat ingkang sampun dipunwarisaken *turun-temurun*.

Miturut Dundes lumantar Danandjaja (1994: 2), *folk* adalah sekelompok orang yang memiliki ciri-ciri pengenal fisik, sosial, dan kebudayaan, sehingga dapat dibedakan dari kelompok-kelompok lainnya. Saking andharan menika *folklore* dipuntegesi kelompok priyantun ingkang gadhah ciri-ciri ingkang sami, dados ciri menika saged kangge bedaaken kaliyan kelompok sanes.

Jejangkeping kangge ngandharaken bab tegesipun folklore, menika andharan Dundes lumantar Danandjaja (1994: 2) ngandharaken bilih

*Folklor adalah sebagian kebudayaan suatu kolektif, yang tersebar dan diwariskan turun temurun, di antara kolektif macam apa saja, secara tradisional dalam versi yang berbeda, baik dalam bentuk lisan maupun contoh yang disertai gerak isyarat atau alat pembantu-pengingat.*

Saged dipunmangertosi bilih *folklor* menika adat utawi tradhisi priyantun gesang ingkang sampun dados warisan leluhur kanthi dipunsebaraken ngginakaken ewahing badan utawi ngginaken pirantos ingkang saged kangge pitulungan. Dolanan tradhisional minangka warisan saking leluhur kalebet salah satunggaling *folklor*. Maneka warni dolanan tradhisional dados bab saking *folklor*, amargi *folklor* menika bageyan saking kabudayan. Pramila saking menika antawis *folklor* kaliyan kabudayan menika wonten gegayutanipun.

Ing gesangipun masarakat, adat istiadat kaliyan dolanan tradhisional menika dipunwarisaken kanthi cara *turun-temurun*. Nyatakaken bilih *folklor* dolanan tradhisional menika warisan kabudayan ingkang sampun *turun-temurun* nanging boten dipunserat wonten ing seratan utawi buku. Inggih kalebet *folklor* menika sedaya adat istiadat kaliyan *kebiasaan* masarakat tradhisional ingkang dipunwarisaken *nenek moyang* kangge turunanipun.

Dolanan tradhisional menika boten dipunmangertosi sinten ingkang nyiptaaken. Boten wonten ingkang mangertos sinten ingkang ndamel dolanan tradhisional. Dados dolanan tradhisional menika saged kalebetaken wonten ing *folklor*. Dolanan tradhisional menika wonten maneka warni kaliyan taksih lestantun. Dolanan tradhisional kalebet salah satunggaling bab ingkang saged dipunteliti amargi dolanan tradhisional menika bageyan saking *folklor*. Panaliten bab dolanan tradhisional saged ngginakaken *kajian folklor*, inggih menika *folklor* salah satunggal bageyan saking kabudayan.

## B. Dolanan Tradhisional

Dolanan menika saking tembung dhasar dolan pikantuk panambang *-an*. Wonten ing Baoesastra Djawa seratanipun Poerwadarminto (1939), dolanan tegesipun inggih menika sarana ingkang kangge seneng-seneng tumrap lare-lare utawi barang-barang kangge seneng-seneng. Dolan menika kalebet tembung kriya, lajeng pikantuk panambang *-an* ndadosaken tembung menika dados tembung aran inggih menika tembung dolanan. Miturut Endraswara (2013: 7) ngandharaken bilih “*tradisi adalah aktifitas hidup manusia yang telah berjalan berulang-ulang.*” Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih tradhisi menika *aktifitas* priyantun ingkang dipunlampahi kanthi cara dipunambali kanthi cara *continue* utawi *terus-menerus*.

Tradhisional tegesipun inggih menika tradhisi utawi adat istiadat ingkang sampun *turun-temurun* taksih wonten tansah lestantun dumugi samenika. Miturut Dharmamulya (1992: 33), *permainan anak tradisional sifatnya turun temurun. Permainan tradisional sudah dimainkan sejak jaman dahulu.* Pamanggih menika ngandharaken bilih dolanan tradhisional menika tuwuh utawi sampun wonten awit saking rumiyin. Dolanan tradhisional menika ugi dipuntepang dolanan rakyat. Miturut Yunus (1981: 1),

*permainan rakyat itu adalah suatu hasil budaya masyarakat, yang berasal dari zaman yang sangat tua, yang telah tumbuh dan hidup hingga sekarang, dengan masyarakat pendukungnya yang terdiri atas tua muda, laki perempuan kaya miskin, rakyat bangsawan tiada bedanya.”*

Saged dipunpendhet dudutan saking kalih pamanggih menika, dolanan tradhisional inggih menika dolanan rakyat asiling kabudayan awit saking jaman rumiyin lajeng ngrembaka dumugi samenika kangge sedaya masarakat saged

kangge priyantun jaler utawi estri. Adatipun wonten ing Indonesia kathah sanget dolanan tradhisional utawi dolanan rakyat, mliginipun wonten ing Jawa. Dolanan tradhisional Jawa sampun tuwuh awit saking rumiyin. Sinten ingkang nemokaken utawi sinten ingkang ndamel dolanan menika sisah dipunpadosi. Amargi dolanan tradhisional Jawa menika sampun wonten saking jaman rumiyin. Dolanan tradhisional Jawa ugi ngrembaka sareng kaliyan majengipun jaman. Kasunyatanipun saking dolanan tradhisional menika boten luntur budayanipun.

### **C. Paedah Dolanan Tradhisional**

Dolanan tradhisional menika wonten kathah paedahipun. Paedah ingkang saged dipunpendhet antawisipun inggih menika kangge *perkembangan fisik* utawi *jasmani*, *perkembangan mental* utawi *rohani*, kaliyan kangge nambah *keterampilan*. Miturut Hurlock (1993: 17), kados dolanan tradhisional sanesipun, dolanan menika gadhah paedah kangge *psikologis* ingkang wigatos kangge lare. Kangge sedaya, dolanan menika salah satunggal bab ingkang ngremenaken kaliyan kangge raos ingkang *positif* kangge lare-lare.

Dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun menika ngemot maneka warni paedah. Endraswara (2010: 111) "*permainan rakyat adalah aktifitas rakyat yang menyenangkan.*" Andharan menika gadhah pamanggih bilih dolanan tradhisional utawi dolanan rakyat menika ngremenaken. Andharan sanes ingkang laras inggih menika Endraswara (2010: 113), sasanipun kangge *pembinaan mental*, dolanan tradhisional utawi dolanan rakyat saged kangge mbangun *jasmani* sinten mawon ingkang dolanan.

Kathah sanget paedah ingkang saged dipunpendhet saking dolanan tradisional minangka salah satunggaling *folklor*. Miturut Endraswara (2010: 116) ngandharaken bilih “*dari sekian banyak permainan rakyat Jawa tersebut tampak bahwa folklor permainan memang ada yang sekedar gerakan. Permainan yang berupa gerakan digunakan untuk kesehatan fisik.*” Dolanan tradhisional wonten paedahipun kangge raga utawi *jasmani* katingal saking caranipun dolanan, tuladhanipun wontn dolanan ingang kedah mlayu, engklek utawi ndhodhok.

#### **D. Piwulang Dolanan Tradhisional**

Wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika ngemot maneka warni piwulang. Piwulang menika saged dipungayutaken kaliyan gesangipun priyantun ing saben dinten. Endraswara (2010: 111-112) ngandharaken “*nilai-nilai budi pekerti akan terangkum dalam permainan, baik lewat aktifitas bermain maupun lewat kekentalan syair.*” Piwulang menika kaperang dados tiga, inggih menika jumbuh antawisipun gegayutan antawispriyantun kaliyan Gusti Allah, gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat, lajeng gegayutan kaliyan pribadinipun piyambak-piyambak. Miturut Hadiatmaja (2011: 6), *nilai-nilai* piwulang menika jumbuh antawisipun priyantun kaliyan Gusti, priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes, kaliyan gayut pribadinipun piyambak-piyambak.

Miturut Endraswara (2013: 1) ngandharaken bilih “*pendidikan karakter dalam wawasan antropologi pendidikan akan melibatkan aspek folklor dan budaya.*” Andharan menika nggayutaken bilih *folklor* kaliyan budaya saged dipunlebetaken kangge *pendidikan karakter*. Dolanan trdhisional minangka salah

satunggaling warisan budaya menika ngemot piwulang sae ingkang saged kangge *pendidikankarakter*.

Dipunandharaken malih bilih “*pendidikan karakter identik dengan membentuk sikap dan perilaku mulia yang sangat dibutuhkan dalam perkembangan anak pada khususnya*” (Endraswara, 2013: 1). Saking bab menika ngandharaken bilih *pendidikan karakter* minangka piwulang sae kangge nuwuhaken *sikap perilaku* kangge lare-lare mliginipun. Wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika ngemot bab piwulang ingkang sae. Hadiatmaja (2011: 24) ngandharaken bilih “*dalam menyikapi diri sebagai makhluk terhadap Sang Pencipta, nilai-nilai etik yang harus dipatuhi antara lain: eling, waspada, percaya dan mituhu.*”

Dolanan tradhisional utawi ingkang sami dipunsebut dolanan rakyat wonten ingkang wujudipun dolanan kelompok. Dolanan ingkang kelompokan menika ugi wonten piwulangipun. Endraswara (2010: 112) ngandharaken bilih “*permainan kelompok akan membuka wawasan bahwa manusia perlu berhubungan satu sama lain.*” Cetha sanget saged dipunmangertosi menawi dolanan ingkang tata caranipun kangge dolanan kelompok menika saged mbikak pangertosan bilih priyantun gesang menika betahaken priyantun sanes. Priyantun gesang menika boten saged gesang piyambak namung dados priyantun ingkang *individualis*. Nambahaken bab dolanan tradhisional, Endraswara (2010: 112) ngandharaken bilih

*Permainan rakyat merupakan wahana pemenuhan kebutuhan dasar manusia, yaitu keinginan bersosialisasi dengan orang lain. Dorongan sosial itu akan terpantul dalam sendi-sendi bermain yang penuh gelak tawa, canda ria, dan ada kalanya juga serius.*

Andharan menika saged kangge seserepan bilih dolanan tradhisional menika minangka *wahana* kangge jejangkeping kabetahan dhasar priyantun gesang inggih menika srawung kaliyan priyantun sanes. Piwulang menika saged kangge piwulang ingkang gayut kaliyan priyantun sanes utawi masarakat.

#### **E. Panaliten ingkang gayut**

Panaliten menika gayut kaliyan panaliten sanes ingkang rumiyin sampun nate dipunteliti. Panaliten menika neliti bab jinising dolanan tradhisional kaliyan piwulang ing salebeting dolanan tradhisional Jawa wonten ing Karanganyar Brontokusuman Mergangsan Yogyakarta. Panaliten ingkang gegayutan kaliyan panaliten menika panalitenipun Widarti, mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2007.

Wonten ing panaliten Widarti kanthi irah-irahan “*PERMAINAN ANAK TRADHISIONAL JAWA DI DESA BEJIHARJO KECAMATAN KARANGMOJO KABUPATEN GUNUNGKIDUL*” dipunandharaken bab jinis, tatacara, kaliyan piwulang saking dolanan tradhisional. Panaliten ingkang kula lampahi menika *fokus* kaliyan piwulang ing salebeting dolanan. Dados saking panaliten menika wonten gegayutanipun antawis panaliten kula kaliyan panalitenipun Widarti. Bedanipun panaliten menika wonten ing *fokus* utawi pokokpanalitenipun, tata caranipun namung sekedhik kula andharaken, ananging langkung *fokus* wigatos panalitenipun ing piwulang wonten ing salebeting dolanan tradhisional.

### **BAB III CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten bab dolanan tradhisional menika ngginakaken cara panaliten *kualitatif*. Panaliten ngginakaken cara *pengamatan* kanthi *langsung* wonten ing lapangan supados pikantuk *data* ingkang *deskriptif*. *Data* ingkang dipunkempalaken inggih menika *data* ingkang sae. Miturut Bogdan kaliyan Taylor lumantar Moleong (1988: 2) “*penelitian kualitatif didefinisikan sebagai prosedur penelitian yang menghasilkan data deskriptif berupa kata-kata tertulis atau lisan dari orang-orang dan perilaku yang dapat diamati.*” Panaliten menika dipunlampahi kanthi cara *observasi langsung* wonten ing Karanganyar Brontokusuman Mergangsan Yogyakarta. Miturut Prastowo (2012: 24) ngandharaken bilih

*metode penelitian kualitatif adalah metode (jalan) penelitian yang sistematis yang digunakan untuk mengkaji atau meneliti suatu objek pada latar alamiah tanpa ada manipulasi di dalamnya dan tanpa ada pengujian hipotesis, dengan metode-metode alamiah ketika hasil penelitian yang diharapkan bukanlah generalisasi berdasarkan ukuran-ukuran kuantitas, namun makna (segi kualitas) dari fenomena yang diamati.*

Bab menika dipunjangkepi andharan Prastowo (2012: 43) “*dalam penelitian kualitatif, data yang dikumpulkan berupa data deskriptif, misalnya dokumen pribadi, catatan lapangan, tindakan responden, dokumen, dan lain-lain.*” Kanthi ngginakaken cara panaliten *kualitatif* menika mugi-mugi saged ngandharaken jinising dolanan tradhisional jawa wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Panaliten menika dipunlampahi supados pikantuk *data-data* ingkang wujudipun *deskriptif*. Saking

panaliten menika mugi-mugi saged ugi ngandharaken piwulang ing salebeting dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

## **B. Instrumen Panaliten**

*Instrumen* panaliten inggih menika pirantos ingkang saged kangge pados *data*. Miturut Moleong (1988: 4) ngandharaken bilih “*dalam penelitian kualitatif, peneliti sendiri atau dengan bantuan orang lain, merupakan alat pengumpul data utama.*” Ingkang dados *instrumen kunci* wonten panaliten *kualitatif* menika ngginakaken panaliti piyambak. Panaliti kedah mangertos *teori* kaliyan gadhah pangertosan bab menapa *bidang* ingkang dipunteliti.

Panaliti kedah nyamektaaken sedayanipun ingkang dipunbetahaken saderengipun mandhap *langsung* wonten ing lapangan minangka papan kangge panaliten. Kados menapa ingkang sampun dipunandharaken Endraswara (2011: 101) “*persiapan secara masak, paling tidak akan memudahkan pengambilan strategi, agar tidak terjadi kekecewaan di kemudian hari.*” Kula sarujuk kaliyan pamanggih menika, kanthi nyamektaaken sedayanipun ingkang badhe kangge panaliten ndadosaken gampang anggenipun nglampahi panaliten.

Bab *instrumen* panaliten, Endraswara (2006: 119) ugi ngandharaken bilih “*data penelitian kualitatif dapat berupa human sources dan non human source.*” Sumberipun *data* saking tiyang wujudipun lisan utawi *tindakan*, menawi sumber saking njawi inggih menika *foto* kaliyan *dokumen*. Panaliten *kualitatif* ingkang ngginakaken *human instrumen* saged nemtokaken *fokus* panaliten. Panaliti saged

nemtokaken sinten ingkang badhe dados *informan*, nemtokaken *nilai kualitas data*, *menafsirkan data* kaliyan mendhet dudutan saking panalitenipun.

*Data* asiling *wawancara* utawi saking *pengamatan* panaliten saged dipunpendhet minangka lare-lare saweg dolanan. Lajeng asiling *wawancara* saking *informan* dipunserat supados panaliti saged mangertos jinising dolanan tradhisional, tata cara kaliyan piwulang wonten salebeting dolanan tradhisional. Pirantos sanes ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* inggih menika *kamera*. *Kamera* menika kangge *moto* utawi kangge mendhet gambar rikala panaliti pados *data*. Ingkang dipunpendhet gambaripun menika rikala lare-lare saweg dolanan. *Informan* ingkang dipunwawancara boten kesupen kedah nyerat *surat pernyataan* supados kangge tandha bilih panaliti menika saestu nyata.

### **C. Sumber Data Panaliten**

Miturut Endraswara (2006: 119), sumber *data* panaliten ingkang pokok wonten ing panaliten kualitatif budaya inggih menika *kata-kata* kaliyan *tindakan*, dipunjangkepi ngangge *dokumen* utawi gambar saking *foto*. Sumber *data* wonten ing panaliten menika dipuntemtokaken saking *human sources* kaliyan *non human sources*. Sumber *data* menika dipunpendhet kanthi cara panaliti mandhap langsung dhateng lapangan utawi papan panaliten.

Sumber *data human sources* inggih menika *sumber data* panalitenipun ngginakaken priyantun ingkang mangertos bab dolanan tradhisional, mangertos bab ingkang badhe dipunteliti kaliyan panaliti. Menawi *non human sources* inggih menika *data* ingkang awujud gambar utawi *foto* ingkang dipunpendhet panaliti

kaliyan seratan asiling nyerat *data-data* saking *informan* ingkang dipunwawancara. Miturut Moleong (1988: 5) ngandharaken

*dengan demikian laporan penelitian akan berisi kutipan-kutipan data untuk memberi gambaran penyajian laporan tersebut. Data tersebut mungkin berasal dari: naskah wawancara, catatan-lapangan, foto, videotape, dokumen-dokumen pribadi, catatan atau memo, dan dokumen resmi lainnya.*

Gayut kaliyan bab *data* kangge panaliten, Endraswara (2011: 100) ngandharaken bilih “*data yang banyak jauh lebih bermanfaat, dibanding hanya kekeringan data lapangan.*” Sampun cetha bilih kathah *data* saking lapangan menika cetha langkung sae tinimbang *kekeringan data* utawi namung pikantuk *data* ingkang sekedhik.

#### **D. Nemtokaken Informan**

*Informan* inggih menika priyantun ingkang badhe dipunwawancara ngrembag babagan dolanan tradhisional ingkang badhe dipunteliti. *Informan* menika kedah purun dipunwawancara, saged paring pitulungan kangge pados *data* ingkang dipunbetahaken. Salah satunggal cara nemtokaken *informan*, Endraswara (2006: 203) ngandharaken bilih “*penentuan informan dilakukan menggunakan teknik snowballing, yaitu berdasar informasi informan sebelumnya untuk mendapatkan informan berikutnya.*” Wonten ing panaliten menika *informan* dipunemtokaken kanthi cara *snowballing*.

*Informan* kedah mangertos bab budaya ingkang dipunbetahaken kangge panaliten inggih menika bab dolanan tradhisional. *Informan* kedah saged njawab pitakenan saking panaliti. Wonten ing panaliten menika anggenipun nemtokaken *informan* ngginakaken cara *snowballing*. Tegesipun cara *snowballing* nggih

menika adhedhasar *informan* saderengipun kangge nemtokaken *informan* salejengipun dumugi makempal *data jenuh*.

Wonten pamanggih bilih “*informan* ada dua macam, yaitu *informan kunci* dan *informan biasa*” (Endraswara, 2011: 104). Bab menika ngandharaken bilih *informan* kunci inggih menika *informan* ingkang pokok. Pramila saking andharan ing nginggil menika, kula temtokaken *informan* ingkang kaping setunggal inggih menika pangarsa RW 17 Karanganyar Brontokusuman Mergangsan Yogyakarta, inggih menika Bapak Drs. H. Iskandar Rahmat. Saking *informan* menika dipunpendhet *data* ingkang dipunbetahaken lajeng dipuntemtokaken *informan* sanesipun ingkang saged dipunwawancara bab dolanan tradhisional.

#### **E. Setting Panaliten**

Miturut Endraswara (2006: 204) ngandharaken bilih nemtokaken *setting* adhedhasaripun kalih *kriteria*, inggih menika (1) nguntungaken utawi papan ingkang dipuntemtokaken kangge mendhet *data* jangkep. (2) menapa priyantun ingkang wonten papan mriku saestu *siap* kaliyan tanggap bilih dados *subjek* panaliten. Gayut kaliyan pamanggih menika anggenipun nemtokaken papan panaliten kedah nggatosaken untungipun mendhet *data* wonten ing papan menika kaliyan *siap* boten priyantun ingkang badhe dados *subjek* panaliten.

*Setting* utawi papan panaliten ingkang dipuntemtokaken inggih menika wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Karanganyar inggih menika salah satunggal kampung ingkang wilayahipun mlebet wonten ing Kelurahan Brontokusuman, Kecamatan Mergangsan, Yogyakarta. Wonten ing Karanganyar menika taksih lestantun

dolanan tradhisionalipun. Informan ingkang dipuntemtokaken saestu saged paring pitulungan. Papanipun strategis, wates ler inggih menika margi Kolonel Sugiono, wates kilen margi Sisingamangaraja, bilih wates sisih wetan kaliyan kidul inggih menika Kecamatan Umbulharjo. Masarakat ingkang wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika priyantunipun grapyak-grapyak kaliyan ngremenaken.

#### **F. Caranipun Ngempalaken *Data***

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken *metode etnografis*. Endraswara (2011: 106) ngandharaken bilih “*dalam bidang budaya, metode kualitatif dikenal dengan metode etnografis. Artinya, pemaparan budaya rakyat dengan memperhatikan aspek-aspek etnografis.*” Wonten ing panaliten bab budaya, panaliten ingkang ngginakaken *metode kualitatif* adaitipun dipuntepang *metode etnografis*. Tegesipun inggih menika ngandharaken bab budaya rakyat kanthi migatosaken *aspek-aspek etnografis*. Panaliti ngginakaken *metode* menika amargi sarujuk kaliyan pamanggih menika amargi dolanan tradhisional kalebet salah satunggaling budaya rakyat.

Andharan salajengipun inggih menika “*paham etnografis yang paling utama adalah wawancara mendalam, pengamatan terlibat, dan dokumentasi*” (Endraswara, 2011: 106). Ingkang dados wigatos menawi panalitenipun bab *etnografis* inggih menika *wawancara mendalam, pengamatan terlibat, kaliyan dokumentasi*. Kula sarujuk kaliyan pamanggih menika, panaliti saged pados *data* kanthi cara *wawancara, pengamatan* kaliyan *dokumentasi* wonten ing

panalitenipun. Saking pamanggih menika, panaliten bab *paham etnografis* kedah nggatosaken cara-cara ing ngandhap menika :

### **1. Pengamatan terlibat**

*Pengamatan terlibat* inggih menika kanthi cara langsung mandhap ing kahanan lapangan ingkang gayut kaliyan panaliten. Dipunamati kaliyan dipuntingali jinising dolanan tradhisional kaliyan piwulang ing salebeting dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Saking *pengamatan* menika saged ngandharaken jinising dolanan tradhisional kanthi cetha kaliyan langkung jangkep.

### **2. Wawancara secara mendalam**

*Metode wawancara secara mendalam* menika kangge nyampurnaaken kasunyatan panaliten kaliyan kangge pados data ingkang *valid*. *Informan* dipunwawancara supados ngandharaken jinising kaliyan piwulang dolanan tradhisional kangge *data* panaliten. Kanthi cara *wawancara*, panaliti nyuwun pirsa dhumateng *informan* bab dolanan tradhisional supados trep kaliyan panalitenipun. Sedaya bab ingkang perlu kangge *wawancara secara mendalam* dipunsamektaaken kanthi teliti.

Bab *wawancara* kangge panaliten, Moleong (2006: 186) ngandharaken bilih “*wawancara adalah percakapan dengan maksud tertentu. Percakapan dilakukan oleh dua pihak yaitu pewawancara (interviewer) yang mengajukan pertanyaan dan terwawancara (interviewee) yang memberikan jawaban atas pertanyaan itu.*” Dados *wawancara* menika wonten ancasipun, panaliti nyuwun

pirsa dhumateng *informan* bab dolanan tradhisional menika jinisipun menapa kemawon kaliyan piwulangipun ing salebeting dolanan tradhisional.

### **3. Dokumentasi**

*Dokumentasi* ugi kalebet cara ingkang wigatos kangge panaliten ingkang jinisipun *kualitatif*. *Dokumentasi* saged dipunpendhet ngginakaken pirantos ingkang saged kangge nggampilaken anggenipun panaliten. Tuladhanipun pirantos kangge *dokumentasi* inggih menika *kamera* ingkang saged kangge mendhet gambar. *Dokumentasi* saged ugi ngginakaken *handphone* kangge mendhet gambar anggenipun *observasi* kanthi cara mandhap langsung dhateng papan panaliten.

### **G. Caranipun Nganalisis Data**

Caranipun nganalisis *data* wonten ing panaliten menika ngginaaken cara *pengorganisasian data catatan* lapangan, asiling *wawancara*, kaliyan gambar-gambar *foto*. *Data-data* dipunkempalaken lajeng dipunanalisis kanthi cara *selektif*. *Data-data* menika dipunperang pundi ingkang wigatos kangge dipunpendhet, pundi ingkang boten prelu boten dipunpendhet. Bab menika Endraswara (2011: 106) ngandharaken bilih “*analisis data sastra lisan diawali sejak berada di lapangan sampai ke balik meja (komputer)*.” *Analisis data* ngginakaken cara *gunting lipat*. Tegesipun inggih menika *informasi* ingkang boten *relevan* dipunkirangi, ingkang kirang trep dipunserat dipunlempit.

Miturut Prastowo (2012: 45) ngandharaken bilih “*analisis data dalam metode penelitian kualitatif dilakukan secara terus-menerus dari awal hingga akhir penelitian; dengan induktif; dan mencari pola, model, tema, serta teori.*”

Saking andharan menika panaliti nglampahi *analisis data* dipunwiwiti saking purwaning panaliten dumugi pungkasaning panaliten kanthi nggatosaken *pola, tema* kaliyan *teori-nipun*. Pamanggih sanes bab *analisis data*, Moleong (2006) dipunwiwiti kanthi cara *menelaah data* ingkang sampun dipunkempalaken saking mapinten-pinten sumber, *wawancara, catatan lapangan, dokumen pribadi, dokumen resmi, gambar, foto* kaliyan sanesipun.

Saking panaliten wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta panaliti pados *data* lajeng dipunserat wonten ing *catatan lapangan observasi* kaliyan *catatan lapangan wawancara*. *Catatan lapangan observasi* dipunpendhet saking *pengamatan* wonten ing lapangan. *Catatan lapangan observasi* wujudipun andharan bab ingkang dipunteliti kaliyan dipujangkepi ngginakaken gambar utawi *foto*. Bilih *catatan lapangan wawancara* inggih menika seratan asiling *wawancara* nyuwun pirsá dhumateng *informan*. *Analisisipun* dipunlampahi minangka panaliti nembe ngempalaken *data* kaliyan sasampunipun ngempalaken *data* sampun jangkep.

#### **H. Caranipun Ngesahaken Data**

Caranipun ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika ngginakaken cara *triangulasi*. Miturut Putra (2011: 189) ngandharaken bilih “*dalam bahasa sehari-hari triangulasi dikenal dengan istilah cek dan ricek yaitu pengecekan data menggunakan beragam sumber, teknik, dan waktu.*” *Triangulasi* inggih menika salah satunggaling cara utawi *teknik keabsahan data* ingkang ngginakaken menapa ingkang wonten njawi *data* kangge nyocokaken utawi mbandingaken *data* ingkang sampun dipunkempalaken. Andharan sanesipun bab *triangulasi*

miturut Endraswara (2009: 224) “*model triangulasi artinya mengulang atau klarifikasi dengan aneka sumber. Jika yang diperlukan triangulasi data, dapat dilakukan dengan cara mencari data-data lain sebagai pembandingan.*” Data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunambali dipunteliti malih.

Adatipun menawi panaliten bab menika kathah-kathaipun ngginakaken cara *triangulasi*. Endraswara (2011: 107) ngandharaken bilih “*jika tringangulasi pada aspek metode, perlu meninjau ulang metode yang digunakan (dokumentasi, observasi, catatan lapangan, dan lain-lain.*” Menawi badhe *tringangulasi* bab *metode* kedah dipunambali malih cara-cara utawi *metode* kangge panaliten. Salajengipun dipunandharaken Endraswara (2011: 107) bilih “*triangulasi dapat pula dalam bidang teori, yaitu dengan mencari teori lain yang sejalan.*” Sanesipun *triangulasi data* kaliyan *triangulasi metode*, ugi wonten *triangulasi teori*, inggih menika saged pados *teori* sanes ingkang trep kaliyan *teori* kangge panaliten. Pramila saking andharan menika *triangulasi* menika kaperang dados *triangulasi* bab *metode* kaliyan *triangulasi* bab *teori*.

Bab *triangulasi* minangka salah satunggaling caranipun ngesahaken *data*, menika pamanggih Moleong (2006: 332) ngandharaken bilih “*dengan kata lain bahwa dengan triangulasi, peneliti dapat me-recheck temuannya dengan jalan membandingkannya dengan berbagai sumber, metode, atau teori.*” Panaliti ngambali sedaya *data* ingkang sampun dipunpanggihaken lajeng dipunkempalaken dipunccek malih kanthi cara dipuntandhngaken kaliyan *sumber*, *metode* utawi *teori*.

*Triangulasi data* menika caranipun inggih menika dipunbandingaken *data* asiling *pengamatan* kaliyan asiling *wawancara* kaliyan *referensi* ingkang gayut kaliyan panaliten bab dolanan tradhisional. Adhedhasar asiling nyimak menika boten sedaya nyuwun pirsu kaliyan *informan*, panaliti saged mendhet *data* kanthi cara *pengamatan*. Bab-bab ingkang boten kedah nyuwun pirsu kaliyan *informan* inggih menika bab jinisiing dolanan tradhisional. Bab menika saged dipunserat saking nyimak lare-lare ingkang dolanan tradhisional.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN KALIYAN PIREMBAGAN**

#### **A. Deskripsi Papan Panaliten**

Panaliten ingkang ngrembag bab dolanan tradhisional menika nemtokaken papan panalitenipun wonten ing Kampung Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Papan panaliten ingkang dipuntemtokaken menika wonten kalih RW, inggih menika RW 16 kaliyan RW 17. Cacahipun kulawarga wonten ing Karanganyar wonten 350 kulawarga. Masarakat wonten ing Karanganyar menika maneka warni padamelanipun. Wonten ingkang dados guru, buruh, tani, *wirausaha* kaliyan sanes-sanesipun. Sedayanipun sami guyub rukun ugi remen paring pitulungan antawisipun sesama warga masarakat. Kasunyatanipun wonten ing Karanganyar menika adatipun wonten *kerja bakti* saben dinten *Ahad*, dipunlajengaken *silaturahmi*, wonten ugi *gotong royong* menawi wonten acara tuladhanipun ngundhuh mantu, lelayu, utawi acara ingkang wigatos sanesipun.

Karanganyar menika papanipun *strategis*, sisih kidul menika watesipun inggih menika *perumahan Greenhouse*, sisih kilen inggih menika margi Sisingamangaraja, sisih leripun wonten Kantor Polisi kaliyan Kantor Kecamatan Mergangsan, sisih wetan inggih menika lepen Code. Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika wonten salah satunggaling *organisasi* utawi wadhah kangge lare-lare inggih menika APIKA. APIKA inggih menika cekakan saking *anak-anak pendidikan islam* Karanganyar. Wadhah menika kangge sarana ngempalaken lare-lare supados

saged kangge *kegiatan* ingkang *positif* utawi sae. Tuladhanipun kangge pengaosan, *lomba-lomba* kaliyan ngrembag bab ingkang gayut kaliyan lare-lare.

Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta ugi wonten KRA inggih menika *organisasi* Kampung *Ramah Anak*. KRA minangka wadhah kangge lare-lare ugi ngrembag sedaya bab ingkang gayut kaliyan lare-lare mliginipun ingkang wonten ing RW 16. Wonten ing RW 16 menika wonten *ruang* utawi papan ingkang dipunsamektaaken kangge dolanan lare-lare. Wonten ing mriku dipundamel dolanan-dolanan ingkang saged kangge lare-lare tuladhanipun inggih menika papan kangge dolanan engklek. Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika taksih kathah dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun. Kasunyatanipun taksih kathah lare-lare ingkang remen dolanan tradhisional.

Kasunyatanipun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika para warganipun guyub rukun kaliyan remen tetulung. Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika panaliti nemtokaken *informan kunci* kangge dipunwawancara supados pikantuk *data* bab dolanan tradhisional ingkang dipunbetahaken kangge ngrantam *skripsi*. Taksih kathah dolanan tradhisional ingkang wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta ugi dados wigatos kangge panaliti. Pramila trep sanget bilih panaliten bab dolanan tradhisional menika dipunlampahi wonten ing papan panaliten wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

Table 1 : *Klasifikasi Jinising Dolanan Tradisional*

No.	Jinising Dolanan	Jinising <i>Kelamin</i>		Wekdal kangge Dolanan				Pirantos	Iringan	Cacahipun <i>pemain</i>
		Jaler	Estri	Enjing	Siang	Sonten	Dalu			
1	Benthik	√	-	√	√	√	-	√	-	3/langkung
2	Boi-boinan	√	√	√	√	√	-	√	-	3/langkung
3	Cublak-cublak suweng	√	√	√	√	√	√	√	√	3-6
4	Dhakon	-	√	√	√	√	√	√	-	2
5	Dhelikan	√	√	√	√	√	√	-	-	3/langkung
6	Dhingklik oglak-aglik	√	√	√	√	√	√	-	√	3
7	Egrang	√	-	√	√	√	-	√	-	<i>Perorangan</i>
8	Endhog-endhogan	√	-	√	√	√	-	√	-	3/langkung
9	Englek	-	√	√	√	√	-	√	-	2/langkung
10	Engkol	√	-	√	√	√	√	-	-	2
11	Gamparan	-	√	√	√	√	-	√	-	2/langkung
12	Gobak sodhor	√	√	√	√	√	-	-	-	2 kelompok
13	Jamuran	√	√	√	√	√	-	-	√	3/langkung
14	Jek-jekan	√	-	√	√	√	-	√	-	2 kelompok
15	Kucingan	√	-	√	√	√	-	√	-	3/langkung
16	Layanan	√	-	-	√	√	-	√	-	<i>Perorangan</i>
17	Mul-mulan	√	√	√	√	√	√	√	-	2
18	Nekeran	√	-	√	√	√	-	√	-	2/langkung
19	Oyak matung	√	√	√	√	√	√	-	-	3/langkung
20	Oyak ndhodhok	√	√	√	√	√	√	-	-	3/langkung
21	Sepak tekong	√	-	√	√	√	-	√	-	3/langkung

## **B. Klasifikasi Jinising Dolanan Tradhisional**

Dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta wonten kathah jinisipun. Dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing papan panaliten menika wonten kathah wujudipun. Supados nggampilaken anggenipun ngandharaken jinising dolanan tradhisional menika, panaliti ndamel *klasifikasi* dolanan tradhisional. Dolanan tradhisional menika dipunperang miturut jinising *kelamin* lare-lare ingkang dolanan, wekdal kangge dolanan, pirantos, iringan, kaliyan cacahipun *pemain*. *Klasifikasinipun* dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta inggih menika :

### **1. Adhedhasar Jinising *Kelamin* Lare-lare ingkang Dolanan**

Dolanan tradhisional saged dipunperang miturut jinising *kelamin* para paraga utawi *pemainipun*. Cak-cakanipun saged dipumangertosi saking *tabel 1* ingkang sampun kaserat wonten ing nginggil inggih menika wonten ing kaca 27. Dolanan tradhisional ingkang maneka warni menika saged kangge lare jaler utawi lare estri, saged ugi kangge dolanan sesarengan lare jaler kaliyan lare estri. Adhedhasar saking jinising *kelamin*, dolanan tradhisional kaperang dados:

#### **a. Dolanan tradhisional kangge lare jaler**

Adatipun dolanan tradhisional menika wonten ingkang namung kangge dolanan lare jaler kemawon. Namung lare jaler ingkang remen kaliyan dolanan tradhisional kadosta engkol, layangan, nekeran kaliyan sepak sekong. Lare estri kirang remen kaliyan dolanan menika, dados adatipun namung dipunremeni lare-lare jaler. *Informan 2* ngandharaken bilih “Sing lanang biasane padha dolanan

engkol apa nekeran, sing cah wedok senengane padha dhakon” (CLW 02).*Informan2* menika ngandharaken bilih lare jaler menika remen kaliyan dolanan engkol utawi nekeran, bilih ingkang estri langkung remen dolanan dhakon.

Bab menika sami kaliyan andharan *informan 3*, ngandharaken bilih “Nek sing lanang senengane dho nekeran, engkol apa dolanan layangan” (CLW 03).*Informan3* menika ngandharaken bilih lare jaler menika remenipun dolanan nekeran, engkol menapa dolanan layangan. Taksih kathah dolanan sanes ingkang adapun kangge dolanan lare jalerantawisipun benthik, boi-boinan, egrang, endhog-endhogan, gobak sodhor, jek-jekan, mul-mulan kaliyan sepak sekong.

Andharanipun *informan 4* inggih menika, “Dolanan kanggo sing cah lanang-lanang biasane layangan, nekeran, jek-jekan, egrang” (CLW 04) nggambaraken bilih lare-lare jaler remen dolanan layangan, nekeran, jek-jekan kaliyan dolanan egrang. Saking pamanggih-pamanggih *informan* menika kaliyan kasunyatan asiling *observasi* dolanan kangge lare jaler menika wonten maneka warni, inggih menika benthik, boi-boinan, cublak-cublak suweng, dhelikan, dhingklik oglak-aglik, endhog-endhogan, engkol, gobak sodhor, jamuran, jek-jekan, kucingan, layangan, mul-mulan, nekeran, oyak matung, oyak ndhodhok kaliyan dolanan sepak sekong. Dolanan-dolanan menika adapun namung kangge lare-lare jaler.

#### **b. Dolanan tradhisional kangge lare estri**

Dolanan ingkang adapun namung kangge lare estri inggih menika dhakon, engklek kaliyan gamparan. Dhakon, engklek kaliyan gamparan menika

dolanan kangge lare estri amargi ingkang lare jaler menika adatipun boten remen dolanan menika. Pamanggih *informan* angka kalih ngandharaken bilih “Sing lanang biasane padha dolanan engkol apa nekeran, sing cah wedok senengane padha dhakon” (CLW 02). Saking andharan *informan*2 menika nggambaraken bilih lare-lare jaler menika dolananipun engkol menapa nekeran, bilih lare setri remenipun dolanan dhakon.

Pamanggih sanes inggih menika pamanggih *informan* 4 ingkang ngandharaken bilih “Sing dinggo cah wedok-wedok biasane engklek, dhakon karo gamparan” (CLW 04). *Informan* 5 ugi ngandharaken “Neng ngisor wit so biasane cah wedok-wedok padha dolanan engklek apa gamparan mas” (CLW 05). Pamanggih-pamanggih menika cetha sanget bilih dolanan kangge lare estri adatipun inggih menika dolanan gamparan, engklek kaliyan dhakon.

### **c. Dolanan tradhisional kangge sesarengan lare jaler kaliyan estri**

Dolanan tradhisional ugi wonten ingkang kangge sareng-sareng lare jaler kaliyan lare estri. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang kangge dolanan sesarengan antawis lare jaler kaliyan lare estri inggih menika dolananboi-boinan, dhakon, jamuran utawi oyak ndhodhok oyak matung. *Informan* 1 ngandharaken bilih “Bocah-bocah lanang karo wadon biasane sok dolanan bareng-bareng, ana sing boi-boinan, ana sing jamuran, sok ana sing oyak-oyakan” (CLW 01). *Informan* angka gangsal ugi ngandharaken bilih “Sing nggo dolanan bareng-bareng biasane jamuran, dhelikan, cublak-cublak suweng karo boi-boinan” (CLW 05).

Andharanipun *informan 1* kaliyan *informan 5* menika nggambaraken bilih wonten dolanan ingkang saged kangge dolanan sareng-sareng antawisipun lare jaler kaliyan setri inggih menika jamuran, dhelikan, cublak-cublak suweng, boi-boinan kaliyan dolanan oyak-oyakan. Sanesipun dolanan menika saking asiling panaliten wonten kathah dolanan ingkang saged kangge sareng-sareng inggih menika dolanan dhingklik oglak-aglik, gobak sodhor kaliyan mul-mulan.

## **2. Adhedhasar Wekdal kangge Dolanan**

Adhedhasar wekdalipun kangge dolanan, kathah-kathahipun wekdal kangge dolanan inggih menika wanci sonten. Wonten ugi ingkang dolanan wanci enjing, ananging menawi nembe prei sekolahipun. Wekdal kangge dolanan ugi wonten ugi ingkang dolanan wanci ndalu minangka malem prei utawi padhang bulan. Trep kaliyan pamanggih *informan 4* ingkang ngandharaken bab wekdal kangge dolanan ngandharaken bilih “Sore bar asyar, esuk pas prei, mbengi pas malem preinan. Awan bali seka sekolah” (*CLW 04*).

Pamanggih sanes inggih menika andharan saking *informan3* ingkang ngandharaken bilih

“Sore tekan magrib, yen wis wayah surub padha mulih. Saben rina padhang bulan ana sing padha gojek dolanan bareng-bareng. Ana sing dolan pas malem prei, kaya saben malem minggu. Yen awan wis padha bali sekolah biasane padha dolan bar luhuran bisa nganti tekan sore” (*CLW 03*).

Dados wekdal ingkang adatipun kangge dolanan inggih menika saben wanci sonten. Kathah ugi ingkang enjing menawi prei sekolahipun, menapa dolanan ing wanci ndalu menawi mbenjingipun prei. Anggenipun dolanan boten kenging ngganggu anggenipun sinau lare-lare kados ingkang dipunandharaken *informan 1*

inggih menika ngandharaken bilih “Dadi ya wektune dipaske ben ora ngganggu bocah sekolah karo sinau” (CLW 01).

### 3. Adhedhasar Pirantos kangge Dolanan

Dolanan tradhisional ingkang warni-warni wujudipun ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika wonten ingkang ngginakaken pirantos. Pirantos ingkang dipunginakaken kangge dolanan menika wujudipun maneka warni, saged dipunmangertosi saking *tabel5* ing ngandhap menika.

*Tabel 2 :Pirantos kangge Dolanan Tradhisional*

No	Dolanan Tradhisional	Pirantos kangge Dolanan
1	Benthik	Pring, kajeng
2	Boi-boinan	Kreweng, bal kasti
3	Cublak-cublak suweng	Krikil, godhong, kecik
4	Dhakon	Krikil, kecik, wiji nangka sebrang utawi sirsat, wiji sirkaya.
5	Egrang	Pring
6	Endhog-endhogan	Watu
7	Engklek	Kreweng, pecahan tegel
8	Gamparan	Pecahan gendheng
9	Kucing-kucingan	Bal
10	Layangan	Pring, bolah, senar, kaleng, kertas, lem
11	Mul-mulan	Krikil, godhong, kertas
12	Nekeran	Neker
13	Sepak tekong	Bal, kreweng

Dolanan tradhisional menika ngginaaken pirantos ingkang prasaja. Tuladhanipun pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional inggih menika pring, kajeng, kreweng, watu, krikil, godhong, wiji sirsat utawi sirkaya, bal. Pring adatipun kangge ndamel egrang kaliyan kangge ndamel layangan. *Informan 1* ngandharaken “Tuladhane wae pring, wetan omah kae akeh pring, sapa sing butuh

gari negor wae. Bisa dinggo nggawe egrang, nggawe layangan nganggo kertas benang lem, terus pring ya bisa dinggo dolanan benthik” (CLW 01). Pamanggih sanes inggih menika saking *informan 2* ngandharaken bilih

“Contone dhakon nganggo papan karo kecik, benthik nganggo kayu apa pring, boi-boinan karo sepak sekong nganggo bal karo kreweng utawa pecahan gendheng, engklek gamparan ya nganggo kreweng, nekeran nganggo neker” (CLW 02).

Pamanggih menika ngandharaken bilih kecik, kajeng, pring, kreweng kaliyan bal menika tuladha pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional.

#### **4. Adhedhasar Sekar iringan**

Asiling panaliten bab dolanan tradhisional ugi mahyaaken bilih wonten dolanan tradhisional ingkang ngginakaken sekar kangge iringan dolananipun. Boten wonten ingkang mangertos sinten ingkang ndamel utawi ingkang nganggit sekar menika. Dados sekar iringan ingkang dipunginakaken kangge dolanan menika *anonim* panganggitipun. Saking *observasi* dipunmangertosi bilih wonten tiga dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar ingkang ngginakaken sekar iringan kangge dolanan, inggih menika cublak-cublak suweng, dhingklik oglak-aglik kaliyan jamuran.

##### **a. Sekar kangge iringan dolanan cublak-cublak suweng**

cublak-cublak suweng  
suwenge ting gelenter  
mambu ketundung gudel  
pak dhem po le la le lo  
sapa ngguyu ndhelikake  
sir sir pong dele kopong  
sir sir pong dele kopong

##### **b. Sekar kangge iringan dolanan dingklik oglak-aglik**

dingklik oglak-aglik  
oalah dingklik oglak-aglik

### **c. Sekar kangge iringan dolanan jamuran**

jamuran ya gegethok  
semprat-semprit jamur apa?

Sekar menika kangge iringan lare-lareingkang nembe dolanan tradhisional cublak-cublak suweng, dingklik oglak-aglik menapa dolanan jamuran. Sekaripun dipunsekaraken sareng-sareng kaliyan lare-lare ingkang nembe dolanan.

## **5. Adhedhasar Cacahipun Pemain**

### **a. Dolanan tradhisional kangge perorangan**

Tegesipun dolanan ingkang kangge *perorangan* inggih menika dolanan ingkang saged kangge piyambak utawi kangge setunggal priyantun kemawon. Dados boten kedah mbetahaken priyantun sanes. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang kangge *perorangan* inggih menika egrang kaliyan layangan. Dolanan menika saged kangge piyambak, adatipun menawi wonten kancanipun menika namung nulungi kangge nyepeng egrang menawi nembe wiwitan dolanan egrang. Menawi dolanan layangan namung ngulokake menawi nembe wiwitan dolanan layangan menapa mbendrongake senar layangan.

### **b. Dolanan tradhisional kangge setunggal mungsuh setunggal**

Dolanan tradhisional ingkang kangge setunggal mungsuh setunggal menika saged kangge dolanan priyantun kalih. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang saged kangge setunggal mungsuh setunggal inggih menika dolanan dhakon, engkol kaliyan mul-mulan. Menawi wonten kancanipun ingkang badhe dolanan dhakon, engkol menapa mul-mulan menika saged gentosan kaliyan kanca-kancanipun.

### **c. Dolanan tradhisional kangge setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun**

Dolanan tradhisional ingkang kangge priyantun setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun menika paling sekedhik saged kangge tiyang tiga. Dolanan menika adatipun menawi wonten ingkang menang, menangipun kangge pribadinipun piyambak boten kangge kelompokan. Dados menawi kepengen menang kedah ngalahaken kanca-kanca sanesipun. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan priyantun setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun inggih menika benthik, dhelikan, endhog-endhogan, engklek kaliyan gamparan.

### **d. Dolanan tradhisional kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok**

Dolanan tradhisional ingkang kangge priyantun setunggal mungsuh setunggal kelompok menika dados dolanan kangge priyantun setunggal lawan kanca-kanca sanesipun. Bedanipun inggih menika priyantun setunggal ingkang dados menika kedah mungsuh setunggal kelompok. Adatipun priyantun setunggal ingkang dados menika amargi kalah undhian kanthi cara hompimpah utawi pingsut. Ingkang kalebet dolanan kangge priyantun setunggal mungsuh setunggal kelompok inggih menika dolanan boi-boinan, cublak-cublak suweng, jamuran, kucingan, sepak sekong, oyak matung kaliyan oyak ndhodhok.

### **e. Dolanan tradhisional kangge kelompok mungsuh kelompok**

Dolanan tradhisional ugi wonten ingkang kangge setunggal kelompok mungsuh setunggal kelompok. Dolanan tradhisional ingkang kangge setunggal kelompok mungsuh setunggal kelompok menika adatipun mbetahaken priyantun kathah. Dolanan menika saged kangge dolanan sareng-sareng. Kelompok

dipunperang dados kalih, saged kanthi cara hom pim pah utawi pingsut. Kelompok kedah *kerja sama* supados saged ngalahaken kelompok setunggalipun. Ingkang kalebet dolanan kangge setunggal kelompok lawan setunggal kelompok inggih menika dhingklik oglak-aglik, jek-jekan kaliyan gobak sodhor.

### **C. Caranipun Dolanan Tradhisional**

Dolanan tradhisional ingkang maneka warni menika wonten tata caranipun anggenipun dolanan. Tata caranipun dolanan antawisipun dolanan setunggal kaliyan dolanan sanesipun menika beda-beda. Dolanan tradhisional wonten ingkang saged kangge *perorangan*, setunggal mungsuh setunggal, utawi kangge dolanan sesarengan. Adatipun saderengipun dolanan dipunwiwiti lare-lare kedah hompimpah utawi pingsut rumiyin kangge nemtokaken sinten ingkang dados.

Dolanan tradhisional menika kalebet *folklor*, boten wonten ingkang mangertos sinten ingkang ndamel dolanan tradhisional menika. Dolanan tradhisional ugi wonten aturan-aturanipun, bab menika ugi boten wonten ingkang mangertos sinten ingkang ndamel aturan kangge dolanan tradhisional. Tata caranipun dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta inggih menika :

#### **1. Dolanan Benthik**

Dolanan benthik inggih menika salah satunggaling dolanan tradhisional ingkang adatipun kangge lare-lare jaler. Saged kangge dolanan ingg wanci enjing, siang utawi sonten. Dolanan benthik menika dolanan ingkang mbetahaken pirantos kajeng utawi pring. Kajeng dipunperang dados kalih, ingkang setunggal dawanipun setunggal kilan, setunggalipun kirang langkung kalih kilan. Dolanan

benthik dolananipun wonten ing lapangan, dipunsamektakaken kedhukan ingkang wujudipun huruf “L” ukuranipun sami kaliyan ukuran kajengipun.

Dolanan benthik menika saged kangge dolanan lare cacahipun tiga utawi langkung. Dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan pingsut. Inggah kalah kedah dados rumiyin. Caranipun dolanan inggih menika kajeng ingkang alit dipunselehaken wonten ing kedhukan kala wau lajeng dipuntamplek ngginakaken kajeng ingkang dawa. Menawi saged ingkang dados kedah nangek kajeng menika. Sasampunipun namplek, kajengipun dawa dipunselehaken wonten ing kedhukanipun lajeng ingkang dados kedah uncal kajengipun ingkang alit kedah kenging kajeng ingkang dipunselehaken. Menawi saged kenging bal kasti ingkang dados kedah gantosan.

## **2. Dolanan Boi-boinan**

Dolanan boi-boinan inggih menika dolanan kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok. Dolanan boi-boinan menika mbetahaken kalih pirantos inggih menika kedah nyamektakaken bal kasti kaliyan kreweng. Bal kastinipun cekap setunggal, menawi krewengipun saben lare ingkang dolanan ngempalaken kalih kreweng. Wiwitanipun dolanan inggih menika hompimpah kaliyan pingsut rumiyin. Inggah kalah kedah dados njagi krewengipun rumiyin.

Kreweng dipuntumpuk dados setunggal lajeng ingkang menang hompimpah urut mbalangaken bal kasti kedah kenging tumpukan krewengipun ngantos ambruk. Menawi boten kenging ingkang dados njagi kreweng ingkang uncalipun boten saged nibakaken kreweng. Tumpukan kreweng ingkang kenging bal kasti ngantos ambruk, ingkang dados kedah ngoyak lajeng mbalang bal kasti

ngantos kenging ingkang mlayu. Sinten ingkang kebalang bal kasti kedah gantos an dados. Ingkang boten dados kedah saged numpuk kreweng malih lajeng sorak-sorak boi-boi. Menawi saged nata tumpukan krewengipun lajeng dipunambali uncal bal kasti malih kados wiwitan kala wau.

### **3. Dolanan Cublak-cublak suweng**

Dolanan cublak-cublak suweng menika kalebet dolanan tradhisional ingkang saged kangge sesarengan, kangge dolanan setunggal mungsung setunggal kelompok. Dolanan cublak-cublak suweng menika wonten sekar kangge iringanipun. Dolanan cublak-cublak suweng ugi mbetahaken pirantos ingkang prasaja, inggih menika cekap ngginakaken krikil, godhong, kertas utawi wiji-wiji ingkang alit-alit kados wiji sirsat utawi sirkaya. Cacahipun pirantos kangge dolanan cublak-cublak suweng cekap setunggal kemawon.

Dolanan cublak-cublak suweng ugi dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan pingsut. Ingkang kalah kedah dados rumiyin, caranipun inggih menika ingkang kalah pingsut posisinipun kedah kados priyantun *sujud*. Lajeng lare-lare ingkang boten dados nembang kangge dolanan cublak-cublak suweng kaliyan astanipun tengen sedaya nemplek gegeripun ingkang dados. Salah satunggal lare ngubengaken pirantosipun saged acak badhe nyelehaken dhateng astanipun sinten kemawon. Menawi sampun lajeng ingkang dados kedah saged mangertos sinten ingkang mbekta pirantos ingkang kangge dolanan cublak-cublak suweng, menawi leres ingkang dados mangertos dipunbekta sinten, ingkang dados kedah gantos an nanging menawi klentu ingkang dados boten dipungantos lajeng kedah dados malih.

#### **4. Dolanan Dhakon**

Dolanan dhakon inggih menika salah satunggaling dolanan tradhisional ingkang dipunremeni kaliyan lare-lare estri. Dolanan dhakon menika kangge dolanan setunggal mungsuh setunggal. Pirantosipun wonten kalih inggih menika papan kangge wadhah dolanan dhakon kaliyan kecik. Sanesipun kecik saged ngangge wiji sirsat utawi nggginakaken wiji sirkaya. Cacahipun wiji kangge pirantos inggih menika 98 wiji. Lajeng dipunlebetaken saben legokan dipunisi 7 wiji. Dolanan dipunwiwiti kanthi cara pingsut, ingkang menang saged mlampah rumiyin.

Tata caranipun inggih menika, kaping setunggal *pemain* ingkang mlampah rumiyin mendhet kecik saking legokanipun piyambak saged acak mendhetipun milih. Dipunisiaken arahipun nengen saben legokan dipunisi setunggal-setunggal ngantos samangke boten wonten kecik ing tibaning kecik pungkasan ingkang dipunpendhet. Menawi sampun boten saged mendhet gantosan mungsuhipun ingkang mlampah caranipun sami. Bilih sampun mlebet sedaya kecikipun ing sisih kiwa tengenipun lajeng dipunetang ingkang menang inggih menika ingkang langkung kathah ngempalaken kecikipun.

Dolanan menika saged kangge gentosan kaliyan kanca-kanca sanesipun ingkang badhe dolanan. Adatipun ingkang menang lajeng dolanan malih mungsuh kancanipun ingkang sami-sami menang. Dolanan dhakon menika adatipun kangge dolanan ing wekdal sela, adatipun siang kaliyan sonten. Inggih remen dolanan dhakon inggih menika lare-lare estri. Lare-lare jaler adatipun kirang remen kaliyan dolanan menika.

## **5. Dolanan Dhelikan**

Dolanan dhelikan inggih menika dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan sareng-sareng lare jaler kaliyan lare estri. Dolanan dhelikan menika boten mbetahaken pirantos namung kedah milih papan ingkang trep kangge dolanan, tuladhanipun wonten ing lapangan utawi wonten ing kebon. Papanipun ingkang jambar kaliyan saged kangge ndhelik. Dolanan dhelikan menika ugi dipunsebut dolanan jethungan.

Wekdal ingkang sae kangge dolanan dhelikan menika wekdal siyang utawi sonten. Nanging wonten lare-lare ingkang remen dolanan dhelikan ing wekdal ndalu. Dolananipun ing wekdal ndalu bilih lare-lare enjingipun prei. Dados dolananipun dhelikan wekdal ndalu prei kados ndalu Dinten Setu. Tata caranipun dolanan inggih menika sinten ingkang kalah hompimpah kaliyan pingsut kedah dados ruumiyin. Ngetang dumugi kanca-kancanipun ndhelik primpen. Inkang dados kedah madosi lajeng njepung menawi mangertos kancanipun ingkang konangan ndhelikipun. Menawi saged dipunslametaken ingkang dados kedah dados malih. Nanging menawi boten saged njepung ingkang dados kedah gantosan ingkang konangan kaping sepisanan.

## **6. Dolanan Dhingklik oglak-aglik**

Dolanan dhingklik oglak-aglik inggih menika dolanan ingkang boten mbetahaken pirantos. Dolanan dingklik oglak-aglik menika kalebet dolanan ingkang saged kangge dolanan sesarengan nanging kathah-kathahipun cekap lare tiga kemawon. Dolanan dingklik oglak-aglik caranipun inggih menika suku tengen lare-lare dipuntekuk kados priyantun engklek, lajeng sukunipun

dipungathukaken kanthi tumpang-tumpangan. Menawi sampun dipungathukaken lajeng lare-lare mubeng kaliyan nembangaken iringan dolanan dingklik oglak-aglik. Adatipun boten namung lare tiga dados setunggal kelompok kemawon nanging wonten kancanipun ingkang dolanan sareng ndamel kelompok piyambak dolanan dingklik oglak-aglik.

Menawi dolanan dingklik oglak-aglikipun wonten kathah kelompokipun lajeng dipundamel aturan menawi wonten kelompok ingkang dhawah rumiyin kedah dipunukum nggendhong kanca-kanca ingkang menang amargi boten dhawah. Dolanan tradhisional dingklik oglak-aglik menika saenipun kangge dolanan ing wekdal siang utawi sonten. Dolananipun prasaja, boten mbetahaken pirantos nanging kedah *kompak* kaliyan kanca-kanca supados boten dhawah.

## **7. Dolanan Egrang**

Dolanan egrang inggih menika dolanan ingkang kadamel saking pring. Dolanan egrang kalebet dolanan tradhisional ingkang kangge *perorangan*. Menawi sampun wonten egrangipun, caranipun dolanan inggih menika lare ingkang badhe dolanan kedah pados pancikan rumiyin supados gampang anggenipun mapakaken suku ngginakaken egrangipun. Lajeng astanipun nyepeng egrang kanthi kiyat. Menawi dereng saged mlampah piyambak ngginakaken egrang biasanipun dipuntulungi kancanipun dipuncepeng egrangipun supados boten dhawah.

Lare-lare ingkang sampun saged dolanan egrang adatipun ngajari kanca-kancanipun ingkang dereng saged. Dados ingkang sampun saged ngginakaken egrang kedah nyepengi kancanipun ingkang nembe gladhen dolanan egrang.

Dolanan egrang menika mbetahaken *kesabaran* kaliyan tlatos *percaya diri*. Boten wedi-wedi kaliyan boten gampang nyerah supados saged mlampah piyambak ngginakaken egrang boten dipuncepengi kancanipun. Menawi sampun saged ngginakaken dolanan egrang lajeng lare-lare balapan mlayu ngginakaken egrang. Dolanan egrang menika saged kangge lomba rikala dinten kamardikan.

### **8. Dolanan Endhog-endhogan**

Dolanan endhog-endhogan inggih menika dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan sareng-sareng, saged kangge lare kathah. Dolanan endhog-endhogan menika kalebet dolanan ingkang kangge setunggal mungsuh kanca sanesipun. Dolanan endhog-endhogan menika mbetahaken pirantos watu alit, kirang langkung agengipun kados tigan. Saben lare ingkang dolanan kedah ngempalaken watu cacahipun tiga. Lajeng dolanan endhog-endhogan ugi mbetahaken kajeng utawi bata, kajeng kangge nggambar bunderan menawi dolananipun wonten ing lemah. Bilih bata menika kangge nggambar bunderan menawi dolananipun wonten ing *konblok* utawi njubin.

Dolanan endhog-endhogan menika saged kangge dolanan lare cacahipun tiga utawi langkung. Saderengipun dolanan dipunwiwiti, dipundamel rumiyin bunderan ukuranipun kirang langkung tigang jangkah. Lajeng menawi sampun dipungambar bunderan, watunipun sedaya dipunkempalaken wonten ing tengah-tengah bunderan. Lare-lare ingkang dolanan lajeng hompimpah kaliyan pingsut rumiyin, ingkang kalah kedah dados rumiyin.

Tata caranipun dolanan inggih menika lare ingkang dados menika kedah njagi watunipun ingkang wonten ing tengah bunderan supados boten saged

dipunpendheti. Inggang dados kedah saged ngoyak kaliyan ndemok sinten mawon inggang badhe mendhet watunipun, watesipun ngoyak inggih bunderan menika. Lare inggang boten dados kedah saged ngempalaken watu cacahipun tiga. Bilih wonten inggang kedemok kedah gentosan dados. Menawi sedaya lare saged ngempalaken watu cacahipun tiga lajeng inggang dados kedah ndhodhok kaliyan merem rumiyin, watunipun dipundhelikaken. Menawi sampun, inggang dados kedah madosi kaliyan kedah saged njedhek menawi nemokaken watunipun menika watunipun sinten. Menawi leres inggang dados gentosan inggang konangan watunipun, nanging menawi klentu kedah dados malih.

## **9. Dolanan Engklek**

Dolanan engklek inggih menika dolanan inggang adatipun dipunremeni kangge dolanan lare-lare estri. Dolanan menika saged kangge lare kalih utawi langkung kathah. Dolanan engklek kalebet dolanan tradhisional inggang saged kangge dolanan setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun. Pirantos inggang dipunginakaken inggih menika kreweng utawi tugelan tegel kaliyan kajeng. Kreweng utawi tugelan tegel menika kaginakaken kangge gacuk dolanan engklek saged ngangge kreweng. Bilih kajeng dipunginakaken kangge nggambar papan kangge dolanan engklek.

Engklek menika adatipun kangge dolanan ing enjing, siang utawi sonten. Saderengipun dolanan engklek, dipunsarujuki rumiyin badhe milih dolanan engklek inggang jinis menapa. Jinisipun dolanan engklek wonten kathah, inggih menika engklek motor mabur utawi *pesawat*, engklekitiran, engklek becak utawi engklek gunung. Lajeng dipungambar papanipun engklek inggang sampun

dipunsarujuki sareng-sareng. Gambaripun saben jinis engklek menika bentukipun beda-beda.

Dolanan engklek dipunwiwiti hompimpah kaliyan pingsut rumiyin, ingkang menang saged dolanan rumiyin gentosan setunggal mbaka setunggal. Gacuk dipununcalaken wonten ing kothak ngajeng piyambak boten pikantuk medal saking garis kothakanipun. Menawi gacukipun medal saking kothakanipun kedah gentosan ingkang dolanan. Lajeng caranipun engklek ugi boten pikantuk medal saking kothak kaliyan boten pikantuk midak garisipun. Kothak ingkang wonten gacukipun kedah dipunlompati kedah engklek ampun ngantos dhawah. Sinten ingkang engklekipun saged dumugi pungkasan saged uncal gacuk malih kanthi madhep wingking kangge ndamel omah kangge boten kedah engklek. Sinten ingkang saged ndamel omah kathah adatipun menika ingkang menang.

#### **10. Dolanan Engkol**

Dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan setunggal mungsuh setunggal tuladhanipun inggih menika dolanan engkol. Dolanan engkol menika adatipun dipunremeni kaliyan lare-lare jaler. Dolananipun mbetahaken tenaga kangge ngalahaken mungsuhipun. Lare-lare estri adatipun boten remen kaliyan dolanan engkol. Dolanan menika mbetahaken kekiyatan asta supados saged menang kaliyan kangge nahan kekiyatanipun mungsuhipun.

Tata caranipun dolanan engkol menika namung gampang. Dolanan engkol boten mbetahaken pirantos menapa-napa. Namung anggenipun dolanan kedah wonten ing papan ingkang saged kangge engkol, tuladhanipun wonten ing meja utawi dolanan ing njubun inkang rata. Caranipun dolanan inggih menika asta

tengen *pemain* kedah nemplek boten kenging dipunuwali. Lajeng menawi sampun dipungathukaken lajeng kiyat-kiyatan supados saged nibakaken astanipun mungsuhipun. Sinten ingkang saged nibakaken astanipun mungsuhipun menika ingkang menang dolanan. Astanipun menika menawi lomba malih kedah dipunjagi boten angsal astanipun nggandhul.

## **11. Dolanan Gambaran**

Dolanan gambaran inggih menika dolanan ingkang adatipun dipunremeni kaliyan lare-lare estri. Dolanan menika saged kangge lare kalih utawi langkung saking kalih. Dolanan gambaran kalebet dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun. Pirantos ingkang dipunginakaken inggih menika kreweng utawi tugelan tegel kaliyan kajeng. Kreweng utawi tugelan tegel menika kaginakaken kangge gacuk dolanan gambaran. Bilih kajeng dipunginakaken kangge nggambar papan kangge dolanan gambaran.

Gambaran menika adatipun kangge dolanan ing wekdal enjing, siang utawi sonten. Saderengipun dolanan gambaran dipunwiwiti, dipungambar rumiyin papanipun kangge dolanan. Dolanan gambaran menika kados dolanan engklek, bedanipun menawi dolanan gambaran gambaripunnamung garis ingkang tumuju dhateng kreweng kangge *sasaran* ingkang kedah dipuntibakaken ngginakaken gacuk. Caranipun kedah engklek kaliyan njagi gacuk ingkang dipuntemplekaken ing suku ampun ngantos dhawah. Engklekipun miturut garisipun dolanan gambaran lajeng kedah saged nggambaraken gacukipun ngantos kenging kreweng *sasaranipun* ngantos dhawah.

## **12. Dolanan Gobak sodhor**

Dolanan gobak sodhor inggih menika salah satunggal dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan sareng-sareng. Dolanan gobak sodhor kalebet dolanan ingkang jinispun kangge dolanan setunggal kelompok mungsuh setunggal kelompok. Dolanan menika adatipun kangge dolanan ing wekdal siang utawi sonten. Dolanan gobak sodhor menika kedah ing papan ingkang jembar kangge nggambar papanipun dolanan adatipun ukuran 4x6meter. Bentukipun papan kangge dolanan namung persegi ingkang dipungaris dados kothak 6 menawi jumlah lare ingkang dolanan 8.

Caranipun dolanan inggih menika kelompokipun dipunperang dados kalih. Saben kelompok sekawan lare, ingkang enconanipun kalah kedah dados rumiyin. Aturanipun inggih menika lare ingkang dados kedah njagi ing nginggil garis supados boten saged dipunlewati mungsuhipun. Inggih dados kedah saged ndemok mungsuhipun. Saben garis dipunjagi kaliyan setunggal *pemain*. Inggih boten dados kedah saged nglewati garisipun papan dolanan gobak sodhor ngantos garis paling wingking lajeng wangsul malih dhateng ngajeng garis ingkang ngajeng piyambak. Menawi wonten ingkang kedemok kedah gantosan ingkang dados njagi garisipun.

## **13. Dolanan Jamuran**

Dolanan jamuran inggih menika dolanan kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok. Dolanan menika adatipun kangge dolanan ing wekdal siang utawi sonten, kaliyan enjing menawi nembe prei. Dolanan jamuran dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan pingsut rumiyin. Inggih kalah kedah dados,

dipunubengi kanca-kancanipun kaliyan nembangaken iringan dolanan jamuran. Lajeng ingkang dados saged milih jamuripun.

Tuladhanipun jamur karet, inggih menika lare-lare ingkang boten dados kedah nyambung dados setunggal kanthi cara nyepengi wetengipun kancanipun lajeng ingkang dados kedah narik saking wingking supados saged uwal. Sinten ingkang boten kiyat lajeng uwal, lare menika ingkang kedah gentosan dados. Lajeng dipunwiwiti malih kanthi cara sami kaliyan kalawau, lare-lare ngubengi ingkang dados sinambi nembangaken tembang kangge dolanan jamuran. Dolanan menika adatipun saged kangge lare jaler kaliyan estri. Dolanan jamuran menika boten mbetahaken pirantos.

#### **14. Dolanan Jek-jekan**

Dolanan jek-jekan inggih menika dolanan ingkang kangge dolanan setunggal kelompok mungsuh setunggal kelompok. Kelompokipun dipunperang dados kalih kanthi cara encon pingsutipun. Inggih menang dados setunggal kelompok kaliyan ingkang menang, dene ingkang kalah dados setunggal kelompok kaliyan ingkang kalah. Dolanan jek-jekan menika adatipun wonten ing papan ingkang jembar lajeng milih cagak utawi wit kangge pencokanipun dolanan jek-jekan.

Caranipun inggih menika antawis kelompok setunggal kaliyan kelompok setunggalipun kedah saged ndemok pencokan dolanan jek-jekan. Sinten ingkang saged ndemok pencokanipun mungsuhipun, kelompok menika ingkang menang. Supados saged menang caranipun inggih menika kedah saged ndemok musuhipun supados saged ngirangi *pemain* mungsuhipun. Lajeng mungsuh ingkang sampun

kedemok kedah dijagi. Menawi wonten kanca setunggal kelompok wonten ingkang kedemok saged dipunslametaken kanthi cara dipundemok malih supados saged mlayu malih.

Kelompokipun kedah balapan ngejek pencokan mungsuhipun. *Pemain* ingkang badhe ndemok pencokanipun mungsuhipun kedah sorak ‘jek-jek’. Menawi wonten kelompok ingkang saged ndemok rumiyin, kelompok menika ingkang menang. Dolananipun dipunlajengaken malih kelompokipun kedah gentosan pencokanipun. Kangge gayeng-gayeng adatipun dipunsarujuki sareng-sareng ingkang kalah kedah nggendhong kelompokipun ingkang menang.

### **15. Dolanan Kucingan**

Dolanan kucingan inggih menika dolanan ingkang adatipun dipunremeni lare-lare jaler. Dolanan kucingan saged kangge dolanan setunggal mungsung setunggal kelompok. Dolanan kucingan menika ngginakaken pirantos bal. Saderengipun dolanan dipunwiwiti kedah hompimpah kaliyan pingsut rumiyin. Caranipun dolanan inggih menika ingkang dados kedah ngoyak bal ingkang kangge kucingan. Bal dipuntandang utawi dipunsundhul, boten angsal ngginakaken asta. Menawi bal saged dipunndemok ingkang dados kedah gentosan kaliyan ingkang pungkasan nendang bal.

Dolanan kucingan menika saged kangge dolanan ing wekdal siang utawi sonten. Adatipun dolanan menika kangge selingan menawi badhe dolanan bal-balan. Dolanan kucingan menika kangge nggladhen lare-lare supados saged nggiring bal kaliyan nendang bal. Dolanan menika kalebet dolanan tradhisional

ingkang pirantosipun mbetahaken pirantos bal. Adatipun lare-lare urunan arta tumbas bal kangge dolanan sareng-sareng.

## **16. Dolanan Layangan**

Dolanan layangan inggih menika salah satunggal dolanan tradhisional ingkang paling dipunremeni kaliyan lare-lare. Dolanan layangan menika saged ngasah *keterampilan* lare-lare. Adatipun layanganipun ingkang kangge dolanan menika asiling lare-lare piyambak. Lare-lare ndamel layangan ngginakaken pirantos ingkang prasaja. Pirantosipun kangge ndamel layangan inggih menika pring, bolah, lem kaliyan kertas.

Dolanan layangan menika adatipun kathah ingkang dolanan menawi nembe musim panas. Dolanan layangan kalebet dolanan ingkang kangge *perorangan*. Nanging menawi badhe dolanan adatipun wonten ingkang layanganipun dipunulokaken kaliyan kancanipun. Wonten ugi ingkang nembe ngundho layangan menika, senaripun dipunbendrongaken kaliyan kancanipun supados senar boten dados bundhet.

Dolanan layangan menika langkung gayeng amargi menawi sampun muluk, layanganipun saged kangge adu mungsung layangan sanes. Layanganipun saged kangge ulur utawi saged ugi kangge godok-godokan. Layangan ingkang ulur menika adu senaripun kanthi cara uluran, layanganipun dipunuluri ngantos mungsuhipun pedhot lajeng gabul layanganipun. Menawi godok-godokan menika caranipun beda kaliyan uluran. Godok-godokan menika caranipun inggih menika balapan narik layanganipun. Adatipun menawi sampun sisah dipunuluri lajeng

layanganipun balapan dipuntarik. Inggang kalah godok-godokan adatipun layanganipun kanthil kaliyan inggang menang.

Dolanan layangan menika adatipun kangge dolanan ing wekdal sonten. Senaripun inggang kiyat adatipun menangan kangge uluran kaliyan godok-godokan. Menawi nembe musim layangan menika kathah inggang kulakan senar kaliyan layangan. Menawi tumbas adatipun regi layangan alit Rp500,- menawi layanganipun ageng reginipun Rp2000,-. Senar kangge dolanan layangan ugi wonten maneka warni, wonten inggang senar gelasane wonten senar inggang boten gelasane, reginipun awit saking Rp2000,- ngantos dumugi Rp50.000,-. Senar kangge dolanan layangan menika adatipun dipunukel ngginakaken kaleng.

### **17. Dolanan Mul-mulan**

Dolanan mul-mulan ugi kasebut dolanan *tiga jadi*. Dolanan mulmulan menika dolanan tradhisional inggang saged kangge dolanan setunggal mungsuh setunggal. Dolanan menika saged kangge lare jaler utawi lare estri. Dolanan mulmulan utawi dolanan *tiga jadi* menika mbetahaken pirantos. Pirantos kangge dolanan mul-mulan inggih menika saged ngangge krikil, godhong utawi kertas. Dolanan menika saged kangge dolanan ing wekdal enjing, siang utawi sonten.

Dolanan mul-mulan caranipun inggih menika dipungambar rumiyin papan persegi kangge dolanan mul-mulan. Dipungambar persegi cacahipun 9. Lajeng lare inggang dolanan menika kedah nyamektaaken gacukipun. Antawis lare setunggal kaliyan lare setunggalipun boten saged sami gacukipun. Menawi inggang setunggal sampun ngginakaken krikil, setunggalipun saged ngginakaken

kertas utawi godhong. Saben lare ingkang dolanan cacahipun gacuk cekap tiga kemawon.

Dolanan dipunwiwiti *pemain* ingkang menang pingsutipun. Aturanipun sinten ingkang saged ndadosaken gacukipun setunggal baris ing papan dolanan menika *pemain* ingkang menang. Saged garis *vertikal* utawi garis *horisontal* saged ugi posisi miring. Gacuk saged dipungeser ananing boten saged nglompati gacuk sanesipun. Dolananipun gentosan setunggal mbaka setunggal. Ingkang menang inggih menika *pemain* ingkang saged kaping kathah ndadosaken *tiga jadi*. Dolanan mul-mulan utawi *tiga jadi* menika boten wonten sekar iringanipun.

### **18. Dolanan Nekeran**

Dolanan nekeran inggih menika dolanan tradhisional ingkang ngginakaken pirantos neker. Dolanan nekeran menika adatipun namung dipunremeni kaliyan lare-lare jaler. Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, dolanan nekeran menika wonten kalih jinis. Jinis ingkang setunggal inggih menika dolanan nekeran gasangan. Dolanan nekeran gasangan inggih menika nekeran ingkang kedah ngginakaken gasangan. Adatipun neker kangge gasanganipun kalih utawi langkung.

Nekeran setunggalipun inggih menika nekeran wok-wokan. Nekeran wok-wokan menika beda kaliyan nekeran gasangan. Menawi nekeran wok-wokan menika boten ngginakaken neker kangge gasangan nanging menawi kalah gacukipun kangge lare ingkang menang. Lajeng bedanipun malih wonten ing gambar papan kangge dolanan. Nekeran gasangan adatipun gambaripun kangge

nekeran kados setengah bunderan, menawi nekeran wok-wokan gambaripun papan kangge dolanan kothak lajeng tengahipun dipundamel legokan.

Caranipun dolanan nekeran gasangan inggih menika kaping setunggal dipungambar rumiyin papan kangge gasanganipun. Menawi sampun dipundamel lajeng *pemain* kedah nggasangaken neker ingkang sampun dipunsarujuki cacahipun. Gasangan dipuntata wonten ing gambar kangge dolanan neker. Dipunlajengaken sedaya lare ingkang dolanan uncal gacukipun kirang langkung gangsal meter saking gambaripun, sinten ingkang uncal paling cedhak saged miwiti dolanan nekeran. *Pemain* kedah angsal gasangan rumiyin saderengipun badhe nginceng kenging gacukipun mungsuhipun. Menawi wonten gacuk ingkang kenging gacuk sanes, gacuk menika sampun kalah. Inggih menang inggih menika ingkang saged nyladhang kenging gacukipun mungsuhipun. Lajeng gasanganipun sedaya kangge ingkang menang.

Menawi dolanan nekeran wok-wokan caranipun inggih menika dipungambar rumiyin kothakanipun lajeng ndamel legokan tengah-tengahipun. Kothakan kangge wok-wokan kirang langkung ukuran setunggal setengah meter. Legokanipun samadya kemawon, alit mawon supados cekap kangge mlebet neker. Caranipun ugi ngginakaken uncal rumiyin, gacukipun kedah mlebet wonten kothakan. Urutanipun inggih menika saking neker ingkang cedhak kaliyan legokan.

Gacuk kedah dipunlebetaken dhateng legokanipun, lajeng menawi saged nyladhang kenging gacukipun mungsuhipun. Supados menang caranipun inggih menika gacukipun mungsuh kedah saged dipunsladhang ngantos medal saking

kothakanipun. Menawi saged medalaken gacukipun mungsuh, neker menika angsal dipek kangge ingkang menang. Nanging menawi sedaya gacuk boten wonten ingkang medal dados imbang boten wonten ingkang menang.

### **19. Dolanan Oyak Matung**

Dolanan oyak matung adatipun kangge dolanan ing wekdal enjing, siang utawi sonten. Dolanan oyak matung menika saged kangge dolanan lare kathah. Dolanan menika kalebet dolanan kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok. Dolananipun dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan pingsut. Inggih kalah kedah dados rumiyin. Dolanan oyak matung menika boten mbetahaken pirantos, adatipun dolananipun wonten ing papan ingkang jembar.

Caranipun dolanan oyak matung inggih menika lare ingkang dados kedah ngoyak lare-lare ingkang dolanan oyak matung. Menawi sampun kedemok kaliyan ingkang dados, kedah matung boten kening owah. Lare ingkang dereng dipundemok kaliyan ingkang dados saged nylametaken kancanipun ingkang matung supados saged mlayu malih. Menawi ingkang matung dereng dipunslametaken owah, lare menika kedah gentosan dados. Sinten ingkang kedemok nanging boten matung ugi kedah dados. Menawi sedaya sampun kedemok lajeng dipunetang ngantos sedasa kedah mlayu malih.

### **20. Dolanan Oyak Ndhodhok**

Dolanan oyak ndhodhok menika kados dolanan oyak matung, bedanipun inggih menika menawi oyak ndhodhok lare ingkang dipunoyak kedah ndhodhok. Dolanan oyak ndhodhok adatipun kangge dolanan ing wekdal enjing, siang utawi sonten. Dolanan oyak ndhodhok menika saged kangge dolanan lare kathah.

Dolanan menika kalebet dolanan kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok. Dolananipun dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan pingsut. Inggang kalah kedah dados rumiyin. Dolanan oyak ndhodhok menika boten mbetahaken pirantos, adatipun dolananipun wonten ing papan inggang jembar.

Caranipun dolanan oyak ndhodhok inggih menika lare inggang dados kedah ngoyak lare-lare inggang dolanan oyak ndhodhok. Menawi sampun kedemok kaliyan inggang dados, kedah ndhodhok boten kenging mlayu malih. Lare inggang dereng dipundemok kaliyan inggang dados saged nylametaken kancanipun inggang sampun kedemok supados saged mlayu malih. Menawi inggang ndhodok dereng dipunslametaken owah, lare menika kedah gentosan dados. Sinten inggang kedemok nanging boten ndhodhok ugi kedah dados. Menawi sedaya sampun kedemok lajeng dipunetang ngantos sedasa kedah mlayu malih, inggang dados dereng dipungantos.

## **21. Dolanan Sepak Sekong**

Dolanan sepak sekong inggih menika dolanan tradhisional inggang saged kangge dolanan sesarengan. Dolanan sepak sekong kalebet dolanan inggang kangge setunggal mungsuh setunggal kelompok. Dolanan sepak sekong menika mbetahaken pirantos, saged ngginakaken bal utawi kreweng. Saderengipun dolanan sepak sekong hompimpah rumiyin lajeng pingsut, inggang kalah kedah dados.

Caranipun dolanan sepak sekong inggih menika menawi ngginakaken bal cekap setunggal kemawon. Bal dipuntata wonten ing tengah lapangan lajeng dipuntandang supados dipunpendhet kaliyan inggang dados. Lare-lare sanesipun

lajeng ndhelik. Bal ingkang dipunpendhet lare ingkang dados lajeng dipuntata malih wonten ing tengah lapangan. Lare ingkang dados kedah madosi lare-lare ingkang ndhelik lajeng dipunsekong kanthi cara ngidak bal. Lare ingkang sampun konangan kaliyan sampun dipunsekong kedah medal. Caranipun menawi badhe nylametaken inggih menika lare ingkang dereng konangan kaliyan dereng dipunsekong menika kedah nendang bal malih. Nanging menawi sedaya sampun konangan ingkang dados kedah gentosan ingkang konangan angka sepisan.

Menawi ngginakaken kreweng, saben lare kedah pados setunggal kreweng kangge gacuk. Dipungambar rumiyin kothak utawi bunder kangge papan nata gacuk menika. Lare-lare lajeng uncal gacukipun saking jarak tebihipun kirang langkung gangsal jangkah. Ingkang uncalipun paling tebih saking kothakan utawi bunderan kedah dados nata kreweng dipuntumpuk sanesipun kedah ndhelik. Caranipun gentosan dados sami kaliyan ingkang sepak sekong ngginakaken bal, namung bedanipun menika pirantosipun ngginakaken kreweng.

Dolanan sepak sekong menika kados dolanan dhelikan, aturanipun menawi ingkang dados sampun kaping tiga boten gantos kedah urut pete. Lare-lare kedah baris urut lajeng ingkang dados njedhek badhe milih urutan pinten. Urutan ingkang kasebutaken menika kedah gentosan dados. Dolanan sepak sekong menika adatipun saged kangge lare jaler utawi estri, saged ugi kangge dolanan sareng-sareng lare jaler kaliyan estri.

#### **D. Piwulang ing salebeting Dolanan Tradhisional**

Wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika ngemot mapinten-pinten piwulang. Wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan

Mergangsan Yogyakarta menika taksih kathah dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun. Maneka warni dolanan tradhisional menika ngemot maneka warni piwulang ingkang sae. Piwulang ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika kaperang dados tiga, inggih menika piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah, piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat, piwulang ingkang gegayutan kaliyan pribadinipun piyambak.

**Tabel 3 :Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah**

No	Piwulang	Dolanan Tradhisional
1	Eling	a. Benthik b. Egrang c. Layangan
2	Jujur	a. Cublak-cublak suweng b. Dhakon c. Dhelikan d. Endhog-endhogan e. Sepak tekong
3	Waspada	a. Boi-boinan b. Egrang c. Engklek d. Gobak sodhor e. Jek-jekan f. Oyak matung g. Oyak ndhodhok

### **1. Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah**

Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ingkang gegayutan antawis priyantun kaliyan Gusti Allah inggih menika bab piwulang eling, jujur kaliyan waspada. Bab piwulang ing salebeting dolanan tradhisional wonten ingkang gayut antawis priyantun kaliyan Gusti Allah. Saking andharan pamanggih *informan* 1

ingkang kula *wawancara* ngandharaken bilih “Ana piwulang sing urusane bab urip *sesama manusia*, lan ana piwulang sing gayut karo Gusti Allah. Ana neng ilmu agama kuwi biasane disebut *hablumminallah hablumminannas*” (CLW 01).

Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang salebetipun wonten piwulangipun eling inggih menika benthik, egrang kaliyan layangan. Dolanan ingkang wonten piwulangipun jujur inggih menika cublak-cublak suweng, dhakon, dhelikan, endhog-endhogan, kaliyan sepak sekong. Bilih dolanan ingkang wonten salebetipun mengku piwulang waspada inggih menika boi-boinan, engklek, egrang, gobak sodhor, jek-jekan, oyak ndhodhok kaliyan oyak matung.

**Tabel 4 :Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat**

No	Piwulang	Dolanan Tradhisional
1	Guyub rukun	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Cublak-cublak suweng</li> <li>b. Dhingklik oglak-aglik</li> <li>c. Gamparan</li> <li>d. Jamuran</li> <li>e. Oyak matung</li> <li>f. Oyak ndhodhok</li> </ul>
2	Jujur	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Cublak-cublak suweng</li> <li>b. Dhakon</li> <li>c. Dhelikan</li> <li>d. Endhog-endhogan</li> <li>e. Engklek</li> <li>f. Sepak tekong</li> </ul>
3	Tetulung	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Boi-boinan</li> <li>b. Dhelikan</li> <li>c. Endhog-endhogan</li> <li>d. Gobak sodhor</li> <li>e. Jek-jekan</li> <li>f. Sepak tekong</li> <li>g. Oyak ndhodhok</li> <li>h. Oyak matung</li> </ul>
		<ul style="list-style-type: none"> <li>i.</li> </ul>

## **2. Piwulang ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat**

Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional ingkang gegayutan antawis priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat inggih menika guyub rukun, jujur kaliyan tetulung. Priyantun gesang menika mbetahaken priyantun sanes supados saged gesang sesarengan. Kados andharan *informan 2* ingkang ngandharake bilih “Budaya iku ngasilke masarakat, awit seka manungsa iku mahluk sosial, mbutuhake wong liya” (CLW 02).

Saking dolanan tradhisional ugi saged dipunpendhet piwulang kangge priyantun minangka *mahluk sosial*. Tuladhanipun piwulang ingkang gayut bab priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat inggih menika piwulang guyub rukun, jujur kaliyan tetulung. Dolanan tradhisional ingkang wonten piwulang kangge gesang guyub rukun inggih menika dolanan cublak-cublak suweng, dhingklik oglak aglik, gamparan, jamuran, oyak ndodhok kaliyan oyak matung.

Dolanan ingkang wonten piwulangipun supados priyantun gesang menika jujur kaliyan priyantun sanes inggih menika cublak-cublak suweng, dhakon, dhelikan, endhog-endhogan, engklek kaliyan sepak sekong. Menawi dolanan ingkang mengku piwulang tetulung kathah-kathahipun inggih menika dolanan ingkang kangge kelompokan. Tuladhanipun dolanan ingkang wonten piwulangipun remen tetulung inggih menika boi-boinan, dhelikan, endhog-endhogan, gobak sodhor, jek-jekan, sepak sekong, oyak ndhodhok kaliyan oyak matung.

**Tabel 5 :Piwulang ingkang gayut kaliyan pribadinipun piyambak**

No	Piwulang	Dolanan Tradhisional
1	<i>Keterampilan</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Benthik</li> <li>b. Dhakon</li> <li>c. Egrang</li> <li>d. Engklek</li> <li>e. Engkol</li> <li>f. Gamparan</li> <li>g. Layangan</li> <li>h. Mul-mulan</li> <li>i. Nekeran</li> </ul>
2	<i>Percaya diri</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Benthik</li> <li>b. Egrang</li> <li>c. Engkol</li> <li>d. Engklek</li> <li>e. Gamparan</li> <li>f. Layangan</li> <li>g. Nekeran</li> </ul>
3	Tlatos	<ul style="list-style-type: none"> <li>a. Benthik</li> <li>b. Boi-boinan</li> <li>c. Dhakon</li> <li>d. Egrang</li> <li>e. Endhog-endhogan</li> <li>f. Engkol</li> <li>g. Engklek</li> <li>h. Gamparan</li> <li>i. Gobak sodhor</li> <li>j. Layangan</li> <li>k. Kucing-kucingan</li> <li>l. Mul-mulan</li> <li>m. Nekeran</li> <li>n. Sepak tekong</li> <li>o. Oyak matung</li> <li>p. Oyak ndhodhok</li> </ul>

### **3. Piwulang ingkang gayut kaliyan pribadinipun piyambak**

Piwulang ingkang gayut kaliyan pribadinipun piyambak inggih menika *keterampilan, percaya diri* kaliyan tlatos. Dolanan ingkang wonten piwulangipun *keterampilan* inggih menika benthik, dhakon, egrang, engklek, engkol, gamparan, layangan, mul-mulan kaliyan nekeran. Menawi dolanan ingkang wonten

piwulangipun supados saged dados priyantun ingkang *percaya diri* inggih menika benthik, egrang, engkol, engklek, gamparan, layangan, nekeran. Piwulang tlatos ugi wonten ing salebeting dolanan tradhisional. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang wonten piwulangipun tlatos inggih menika dolanan benthik, boi-boinan, dhakon, egrang, endhog-endhogan, engkol, engklek, gamparan, gobak sodhor, layangan, kucing-kucingan, mul-mulan, nekeran, sepak tekong, oyak matung kaliyan oyak ndhodhok.

Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional menika kaperang dados tiga, inggih menika piwulang ingkang gegayutanipun antawis priyantun kaliyan Gusti Allah, piwulang kangge priyantun setunggal kaliyan priyantun sanesipun utawi masarakat, kaliyan piwulang kangge pribadinipun piyambak. Piwulang-piwulang menika kanthi boten langsung saged kangge gladhen lare-lare. Wonten ing salebeting dolanan menika piwulangipun maneka warni. Saged kangge ningkataken *iman* kaliyan *taqwa*, dados priyantun ingkang becik supados saged pikantuk ganjaran saking Gusti Allah.

Wonten ing salebeting dolanan menika ugi wonten piwulang ingkang saged kangge gesang kaliyan masarakat, piwulangipun bab jujur, tulung tinulung kaliyan guyub rukun. Piwulang kangge pribadinipun piyambak ugi wonten kadosta *keterampilan*, *percaya diri* kaliyan tlatos. Piwulang-piwulang menika kagambaraken wonten ing dolanan-dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta.

## **BAB V PANUTUP**

### **A. Dudutan**

Wonten dudutan ingkang saged dipunpendhet saking panaliten dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika. Panaliten menika ngandharaken bilih dolanan tradhisional taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Kasunyatanipun taksih kathah lare-lare ingkang remen dolanan tradhisional. Tuladhanipun dolanan tradhisional ingkang taksih dipunremeni lare-lare antawisipun bas-basan, benthik, cublak-cublak suweng, dhingklik oglak-aglik.

Saking panaliten menika saged dipunmangertosi bilih kathah jinising dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta. Dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika wonten tata caranipun. Antawisipun dolanan setunggal kaliyan dolanan sanesipun menika beda tata caranipun. Dolanan tradhisional menika wonten kathah, satemah saged dipunperang miturut jinis *kelamin*, cacahipun *pemain*, wekdal, tembang iringan dolanan, kaliyan pirantos kangge dolanan.

Dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika ngemot kathah piwulang. Piwulang ing salebeting dolanan tradhisional menika jumbuh kaliyan gegayutanipun priyantun kaliyan Gusti Allah, priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes utawi masarakat, lajeng piwulang kangge pribadinipun piyambak-

piyambak. Piwulang menika saged kangge piwulang ingkang sae kangge priyantun gesang ing alam donya menika.

### **B. Implikasi**

Adhedhasar asiling panaliten saged dipunmangertosi bilih dolanan tradhisional ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta menika wonten kathah jinisipun. Dolanan tradhisional menika saged dipunperang miturut jinising *kelamin*, cacahipun *pemain*, wekdal, tembang iringan dolanan, kaliyan pirantos kangge dolanan. Menawi badhe dolanan tradisional menika wonten tata caranipun. Tata caranipun dolanan setunggal kaliyan dolanan sanesipun menika beda-beda. Saking tata cara utawi *peraturan* menika lare-lare saged gladhen supados dados priyantun ingkang mituhu kaliyan *peraturan*, *disiplin*, ugi tanggel jawab.

Saking panaliten menika saged ugi dipunmangertosi bilih wonten ing salebeting dolanan tradhisional menika ngemot mapinten-pinten piwulang. Piwulang menika saged ndadosaken lare-lare langkung sae. Piwulangipun jumbuh kaliyan gegayutanipun priyantun kaliyan Gusti Allah, priyantun setunggal kaliyan priyantun sanes, kaliyan saged kangge piwulang pribadinipun piyambak-piyambak. Piwulang-piwulang menika saged kangge nuwuhaken raos ingkang sae. Supados saged kangge ngemutaken bilih priyantun gesang menika kedah tansah eling lan waspada, kedah njagi gesang ingkang guyub rukun, remen tetulung kaliyan priyantun sanes utawi masarakat. Kangge pribadinipun piyambak ugi saged kangge nuwuhaken *kejujuran* ingkang saged dipunwiwiti awit saking taksih alit supados samangke saged kulinten dados priyantun ingkang *jujur*.

### **C. Pamrayogi**

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan saking panaliten menika wonten mapinten-pinten pamrayogi ingkang kedah dipungatosaken, inggih menika :

1. Panaliten menika winates wonten andharan jinising dolanan tradhisional kaliyan piwulang ing salebeting dolanan tradhisional. Awit saking menika saged dipunlajengaken panaliten ingkang ngandharaken satunggal mbaka satunggal jinising dolanan tradhisional kala wau, saged kanthi cara panaliten ingkang sami utawi beda.
2. Para panaliti sanes utawi pamaos saged mahyaaken panaliten menika minangka gegaran kangge mekaraken budaya gayut kaliyan bab piwulang wonten ing salebeting dolanan tradhisional. supados langkung nglestantunaken budaya.
3. Mugi-mugi kathah panaliti sanes ingkang panalitenipun ngrembag bab dolanan tradhisional. Kanthi ngginakaken cara menika saged kangge salah satunggal cara kangge njagi kaliyan nglestantunaken dolanan tradhisional.

## KAPUSTAKAN

- Alam, Syamsu. 2000. *Perkembangan Anak dan Tahapannya*. Bandung: Angkasa.
- Danandjaja, J. 1994. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: PT Grafitipers.
- Dharmamulya, Sukirman. 1992. *Transformasi Nilai melalui Permainan Rakyat Daerah Istimewa Yogyakarta*. Dirjen Kebudayaan. Yogyakarta.
- Echols, John. M. dan Hassan Shadily. 1976. *Kamus Inggris Indonesia*. Jakarta: PT Gramedia.
- Endraswara, S. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor: Konsep, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Folklor Jawa: Macam, Bentuk dan Nilainya*. Jakarta : Penaku.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Metodologi Penelitian Tradisi Lisan*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Pendidikan Karakter dalam Folklor: Konsep, Bentuk, dan Model*. Yogyakarta: Pustaka Rumah Suluh.
- Hadiatmaja, S. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Hurlock, E.B. 1993. *Perkembangan Anak Jilid I*. Terjemahan. Jakarta: Erlangga.
- Moleong, Lexy J. 1988. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- \_\_\_\_\_. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Prastowo, Andi. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif dalam Perspektif Rancangan Penelitian*. Yogyakarta: Ar-ruzz Media.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters-Groningen.
- Purwadi. 2012. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Putra, Nusa. 2011. *Penelitian Kualitatif: Proses dan Aplikasi*. Jakarta: Indeks.

Widarti. 2012. Permainan Tradisional Jawa di Desa Bejiharjo Kecamatan Karangmojo Kabupaten Gunung Kidul. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni. Universitas Negeri Yogyakarta.

Yunus, Ahmad. 1981. *Permainan Rakyat Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Proyek Inventarisasi dan Dokumentasi Kebudayaan Daerah.

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 01)***

Dinten : Senen, 6 Oktober 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Masjid Al-Irsyad Karanganyar  
Topik : Dolanan engkol

Firman kaliyan Wiku saking sekolahan kangsen dolanan sareng ing Masjid Al-Irsyad Karanganyar. Firman kaliyan Wiku badhe tandhing dolanan engkol. Dolanan engkol menika kalebet salah satunggaling dolanan ingkang kangge setunggal mungsuh setunggal.



Gambar 1 : **Dolanan engkol Wiku mungsuh Firman** (Dok. Husni,2014)

Dolanan engkol menika ingkang menang Firman, amargi Firman langkung kiyat saged nibakake tangan Wiku. Dolanan engkol caranipun inggih menika asta dipungathukaken telapakipun lajeng dipungegem. Menawi sampun siap lajeng kiyat-kiyatan nibakaken asta mungsuhipun ananging boten kening ngangkat sikutipun. Dolanan engkol menika saged kangge gentosan kaliyan kanca sanesipun.

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

***(CLO 02)***

Dinten : Senen, 6 Oktober 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Masjid Al-Irsyad Karanganyar  
*Topik* : Dolanan jek-jekan

Dolanan jek-jekan inggih menika salah satunggal tuladha dolanan ingkang saged kangge dolanan sesarengan. Dolanan menika kangge setunggal kelompok mungsuh setunggal kelompok. Caranipun dolanan wiwitanipun dipuperang lare-lare ingkang badhe dolanan dados kalih kelompok. Lajeng ngginakaken wit menapa cagak kangge papan jek-jekan. Sonten dinten Senin, Ali sakanca dolanan jek-jekan wonten ing sisih ler Masjid Al-Irsyad Karanganyar.



Gambar 2 : **Ali kaliyan kanca-kanca dolanan jek-jekan** (Dok. Husni, 2014)

Kelompokipun ingkang menang kelompokipun Ali, inggih menika Ali, Fafa kaliyan Heno. Kelompokipun Ali menang amargi saged ngejek kaping tiga bilih kelompokipun Abang namung saged ngejek kaping setunggal kemawon. Kangge gayeng-gayeng adatipun ingkang kalah kedah nggendhong sinten ingkang menang. Ali kaliyan kanca-kanca remen dolanan jek-jekan sareng-sareng.

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

***(CLO 03)***

Dinten : Selasa, 7 Oktober 2014

Wekdal : Sonten

Papan : Wal Fajri Karanganyar

*Topik* : Dolanan layangan

Sonten-sonten Ali kaliyan Rindra nengga kanca-kanca sanes badhe dolanan sesarengan. Amargi dereng kempal Ali mendhet layangan. Ali kaliyan Rindra dolanan layangan wonten ing Wal Fajri. Layangan dipuntali goci lajeng dipunpasang senar gelasan. Ali ngulokaken layanganipun, ingkang ngundha inggih menika Rindra.



**Gambar 3 : Ali ngulokake layangan ing Wal Fajri (Dok. Husni, 2014)**

Ngundho dolanan layangan menika kedah tlatos kaliyan sabar. Adatipun menawi ingkang ngundho kathah wonten ingkang uluran utawi godok-godokan. Menawi wonten ingkang gabul kalah layanganipun dipunoyak kangge rebutan lare-lare. adatipun wonten ingkang layanganipun ndamel piyambak.

## **CATATAN LAPANGAN OBSERVASI**

### **(CLO 04)**

Dinten : Selasa, 7 Oktober 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Ngajeng PAUD Pelita Hati  
Topik : Dolanan gobak sodhor

Sasampunipun Fafa, Adil, Yuzda kaliyan Firman kempal, Ali kaliyan Rindra ngajak dolanan gobak sodhor. Ali pinsut kaliyan Firman, Adil pinsut kaliyan Yuzda, bilih Rindra pinsut kaliyan Fafa. Ali dados setunggal kelompok kaliyan Adil Rindra. Kelompok ingkang kalah pinsut inggih menika Firman, Fafa kaliyan Yuzda. Ingkang kalah kedah dados rumiyin njagi garis ingkang sampun dipungambar kangge gobak sodhor.



Gambar 4 : **Fafa sakanca dolanan gobak sodhor** (Dok. Husni, 2014)

Sanajan kalah pinsut ananging kelompokipun Firman saged ngalahaken kelompokipun Ali, lajeng ingkang dados gentosan kelompokipun Ali. Pungkasanipun dipunmenangaken kelompokipun Firman, kelompokipun Ali kirang *kerja sama* njagi garisipun saengga Firman saged nglewati kelompokipun Ali.

## **CATATAN LAPANGAN OBSERVASI**

**(CLO 05)**

Dinten : Rebo, 8 Oktober 2014

Wekdal : Sonten

Papan : Ngandhap seng Wal-Fajri

*Topik* : Dolanan mul-mulan

Dinten Rabu ing wayah sonten, Opik kaliyan Wira dolanan mul-mulan wonten ing ngandhap seng Wal-Fajri. Saderengipun dolanan, Opik kaliyan Wira sareng-sareng pados krikil kaliyan godhong. Krikil kaliyan godhong menika pirantos ingkang saged kangge dolanan mul-mulan. Cacahipun cekap krikil tiga kaliyan godhongipun sami tiga. Lajeng Opik mendhet bata kangge nggambar papanipun mul-mulan, bentukipun *persegi* utawi *kotak* cacahipun sanga.



**Gambar 5 : Wira kaliyan Opik dolanan mul-mulan** (Dok. Husni, 2014)

Dolanan mul-mulan utawi *tiga jadi* menika kangge dolanan setunggal-mungsuh setunggal. Dipunwiwiti kanthi cara pingsut, ingkang menang saged miwiti dolanan mul-mulan. Inggih menang inggih menika sinten ingkang saged masang krikil utawi godhong menika dados setunggal garis. Dinten menika ingkang menang inggih menika Wira. Senajan kalah Opik tansah seneng amargi saged guyon sinambi dolanan mul-mulan mungsuh Wira.

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 06)***

Dinten : Kemis, 9 Oktober 2014

Wekdal : Sonten

Papan : Wal-Fajri

*Topik* : Dolanan dhelikan

Dolanan dhelikan kalebet salah satunggal dolanan tradhisional ingkang saged kangge dolanan sareng-sareng. Jinisipun inggih menika kalebet dolanan kangge setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun. Sonten-sonten lare-lare prei TPAnipun. Yoga sakanca lajeng sareng-sareng dolanan dhelikan wonten ing Wal-Fajri. Rafi kalah anggenipun hompimpah kaliyan pingsut mungsuh kanca-kanca, dados Rafi ingkang kedah dados madosi ingkang dhelik.



Gambar 6 : **Zazid kaliyan Yoga ndhelik ing cedhak wit** (Dok. Husni, 2014)

Zazid kaliyan Yoga sareng anggenipun ndelik, inggih menika ing sisih kilen wit-witan wonten ing Wal-Fajri. Sinten ingkang konangan ndhelikipun kedah gantosan dados kaliyan Rafi. Ananing menawi wonten ingkang saged njepungaken dadosipun Rafi tetep dados malih madosi kanca-kanca ingkang ndhelik.

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

***(CLO 07)***

Dinten : Jemuah, 10 Oktober 2014  
Wekdal : Bibar sholat asyar  
Papan : Plataran Masjid Al-Irsyad Karanganyar  
*Topik* : Dolanan kucingan

Bibar sholat asyar Adil kaliyan kanca-kanca urunan kangge tumbas bal. Bal menika kangge dolanan kucingan dipunlajengaken dolanan sepak sekong. Ingkang kempal nembe tiyang sekedhik. Adil ngajak kanca-kanca dolanan kucingan rumiyin. Dipunwiwiti kanthi cara hompimpah. Ingkang kalah kedah ngoyak bal ingkang kangge kucingan. Sinten ingkang kenging kedah gentosan dados ingkang ngoyak. Ali kalah nalika hompimpah dados kedah ngoyak bal ingkang dipuntendhang kangge yak-yakan kucingan. Dolanan kucingan menika kalebet dolanan setunggal mungsung kanca-kanca sanesipun. Pirantosipun dolanan kucing-kucingan menika ngginakaken bal.



**Gambar 7 : Lare-lare dolanan kucingan (Dok. Husni, 2014)**

## **CATATAN LAPANGAN OBSERVASI**

**(CLO 08)**

Dinten : Jemuah, 10 Oktober 2014  
Wekdal : Sasampunipun sholat jumatan  
Papan : Wal Fajri Karanganyar  
*Topik* : Dolanan nekeran

Fafa, Ali, Firman kaliyan Wiku kempal dolanan sareng-sareng sasampunipun sholat jumatan. Sedaya sampun nyamektaaken neker piyambak-piyambak. Dolanan nekeran menika kangge dolanan setunggal mungsuh kanca-kanca sanesipun. Sarujuk badhe ngginakaken pinten gasanganipun neker, saged setunggal mawon menapa langkung. Dipungambar rumiyin papan kangge gasanganipun, lajeng sinten ingkang badhe dolanan pasang gasanganipun. Sedaya *pemain* kedah uncal gacuk. *Pemain* ingkang saged uncal cedhak piyambak kaliyan gasangan saged dolanan rumiyin. Kedah ngalahaken adu titis kaliyan sanesipun. Gasangan saged kangge sinten kemawon ingkang saged menang.



Gambar 8 : **Lare-lare dolanan nekeran** (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 09)***

Dinten : Jemuah, 10 Oktober 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Ngajeng Masjid al-Irsyad Karanganyar  
*Topik* : Dolanan sepak sekong

Lare-lare ingkang dolanan kucingan kaliyan dolanan nekeran lajeng kempal dados setunggal badhe dolanan sareng-sareng. Sedaya sarujuk sonten menika badhe dolanan sepak sekong. Tata caranipun dipun wiwiti hompimpah, sinten ingkang kalah kedah dados rumiyin. Sepak sekong menika saged ngginakaken pirantos ngangge bal menapa kreweng. Amargi sampun tumbas bal, ingkang dipunginakaken inggih menika bal. Yuzda kalah anggenipun hompimpah, bal dipuntandang lajeng sanesipun ndhelik. Yuzda kedah madosi ampun ngantos bal dipuntandang malih. Sinten ingkang konangan kedah gentosan dados, njagi bal lajeng madosi malih kanca-kanca ingkang ndhelik.



**Gambar 9 : Sepak sekong ngginakaken bal (Dok. Husni, 2014)**

## **CATATAN LAPANGAN OBSERVASI**

### **(CLO 10)**

Dinten : Setu, 11 Oktober 2014  
Wekdal : Sonten sasampunipun sholat asar  
Papan : Ngajeng Masjid Al Irsyad  
Topik : Dolanan egrang

Ali kaliyan Firman pados pring ing sisih wetan dalemipun Pak Haron. Pring menika kangge ndamel dolanan egrang. Caranipun ndamel namung gampil, pring menika dipungeraji dados kalih kirang langkung setunggal setengah meteran. Lajeng mbetahaken malih kalih pring dawanipun kirang langkung 40cm. Lajeng ingkang dawanipun 40cm dipunpasang wonten pring setengah meter jarakipun kirang langkung 30cm saking ngandhap lajeng dipunpaku menapa dipunkawat. Dolanan egrang menika kalebet salah satunggaling dolanan tradhisional ingkang mbetahaken *keseimbangan* kaliyan *keterampilan*.



**Gambar 10 : Ali kaliyan Firman pados pring minangka pirantos kangge ndamel dolanan egrang (Dok. Husni, 2014)**

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 11)***

Dinten : Rebo, 3 Desember 2014  
Wekdal : 15.40WIB  
Papan : Ngajeng PAUD Pelita Hati  
*Topik* : Dolanan benthik

Firman kaliyan Wiku nembe nengga kanca-kanca badhe dolanan sareng-sareng ing wayah sonten. Sinambi nengga kanca-kanca, Wiku kaliyan Firman dolanan benthik. Amargi kalah pingsut Wiku kedah dados rumiyin. Saderengipun dipunwiwiti, Firman pados kajeng alit kangge pirantos dolanan benthik. Wiku ndamel kedhukan lemah kangge papanipun dolanan benthik wujudipun bentuk “L”. Dolanan benthik menika saged kangge sareng-sareng. Jinisipun dolanan benthik menika kalebet dolanan kangge setunggal mungsuh kanca sanesipun. Firman kaliyan Wiku dolanan benthik ing ngajeng PAUD Pelita Hati Karanganyar.



Gambar 11: **Firman miwiti dolanan benthik** (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 12)***

Dinten : Rebo, 3 Desember 2014  
Wekdal : 16.22WIB  
Papan : Lapangan wetan Masjid Al Irsyad  
*Topik* : Dolanan dhingklik oglak-aglik

Opik, Yoga kaliyan Firman remen dolanan dhingklik oglak-aglik wonten ing lapangan sisih wetan Masjid Al Irsyad. Dolanan menika mbetahaken tiyang tiga. Caranipun dolanan dhingklik oglak-aglik inggih menika suku kedah dipuntekuk kaliyan dipungathukaken dados setunggal kados gambar ing ngandhap menika. Menawi sampun dipungathukaken lajeng mubeng setunggal arah boten ngantos uwal suku ingkang dipungathukaken. Sinambi mubeng dipuniringi tembang dhingklik oglak-aglik.



**Gambar 12 : Opik, Yoga kaliyan Firman dolanan dhingklik oglak-aglik wonten ing lapangan (Dok. Husni, 2014)**

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 13)***

Dinten : Rebo, 3 Desember 2014  
Wekdal : 16.40WIB  
Papan : Ngajeng Masjid Al Irsyad  
Topik : Dolanan Cublak-cublak suweng

Sasampunipun dolanan cublak-cublak suweng, Firman sakanca lajeng gantos dolanan. Sedayanipun sarujuk dolanan cublak-cublak suweng. Inggang sepisanan dados inggih menika Wiku. Dolanan cublak-cublak suweng menika ngginakaken pirantos inggang prasaja, namung cekap ngginakaken godhong, kertas, krikil menapa kreweng alit. Caranipun dolanan kados ing gambar ngandhap menika. Inggang dados kedah saged mangertos sinten inggang nggegem pirantos inggang kangge dolanan. Menawi leres gantosan inggang dados, ananging menawi klentu kedah dados malih. Dolanan cublak-cublak suweng menika wonten tembang iringanipun.



Gambar 13 : **Lare-lare dolanan cublak-cublak suweng** (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 14)***

Dinten : Rebo, 3 Desember 2014  
Wekdal : 17.13WIB  
Papan : Ngajeng PAUD Pelita Hati  
*Topik* : Dolanan boi-boinan

Wira kaliyan kanca-kanca dolanan boi-boinan ing ngajeng PAUD Pelita Hati Karanganyar. Saderengipun dolanan, sedaya kedah nyamektakaken kreweng setunggal-setunggal kaliyan kedah wonten bal kasti. Kreweng dipunkempalaken lajeng dipuntata. Sinten ingkang kalah hompimpah kaliyan pingsut kedah dados rumiyin njagi kreweng. Dolanan dipunwiwiti kanthi cara mbalang kreweng ngginakaken bal kasti. Menawi ambruk ingkang dados kedah mbalang bal nguyak ingkang badhe nata malih. Inggang kenging bal kedah gantosan nguyak kaliyan mbalang ngginakaken bal kasti. Inggang boten dados kedah saged nata malih krewengipun.



Gambar 14 : **Firman kaliyan Wira nata kreweng kangge dolanan boi-boinan**  
(Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 15)***

Dinten : Setu, 6 Desember 2014  
Wekdal : Enjing  
Papan : Ngajeng Masjid Al Irsyad Karanganyar  
*Topik* : Dolanan oyak ndhodok

Dinten Setu lare-lare TK ABA Karanganyar dolanan sareng-sareng wonten ing ngajeng Masjid Al Irsyad. Lare-lare katingal nembe dolanan oyak-oyakan. Dolanan menika kangge ngisi wekdal sela lare-lare nembe istirahat. Dolanan oyak ndhodok menika tata caranipun ingkang dados kedah ngoyak saderengipun kanca-kanca ingkang boten dados badhe ndhodok. Inggang boten dados kedah mlayu, ampun ngantos kedemok saderengipun ndhodok. Menawi kedemok kedah gantosan dados. Sinten kemawon ingkang dereng ndhodok saged njawil kancanipun supados saged mlayu malih. Dolanan menika saged kangge piwulang *kerja sama* kaliyan wonten paedahipun kangge njagi kasarasan.



**Gambar 15 : Lare-lare TK ABA dolanan oyak ndhodok (Dok. Husni, 2014)**

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 16)***

Dinten : Setu, 6 Desember 2014

Wekdal : Enjing

Papan : Ngajeng PAUD Pelita Hati

*Topik* : Dolanan oyak matung

Dinten Setu wonten ugi lare-lare TK ABA Karanganyar dolanan sareng-sareng wonten ing ngajeng PAUD Pelita Hati. Lare-lare katingal nembe dolanan oyak-oyakan. Dolanan menika kangge ngisi wekdal sela lare-lare nembe istirahat. Dolanan oyak matung menika tata caranipun ingkang dados kedah ngoyak lajeng ndemok saderengipun kanca-kanca ingkang boten dados badhe matung. Inggang boten dados kedah mlayu, ampun ngantos kedemok saderengipun matung. Menawi kedemok kedah gantosan dados. Sinten kemawon ingkang dereng matung saged njawil kancanipun supados saged mlayu malih. Dolanan menika saged kangge piwulang *kerja sama* kaliyan wonten paedahipun kangge njagi kasarasan.



Gambar 16 : **Lare-lare TK ABA dolanan oyak matung** (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 17)***

Dinten : Selasa, 9 Desember 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Ngandhap undhak-undhakan Masjid  
*Topik* : Dolanan Dhakon

Wiku kaliyan Eling dolanan dhakon wonten ing ngandhap undhak-undhakan Masjid Al Irsyad Karanganyar. Pirantosipun sampun dipunsamektakaken kaliyan Eling. Dhakon menika pirantosipun inggih menika papan dolanan kaliyan kecil kados gambar ing ngandhap menika. Cacahipun kecil inggih menika 98, kangge dolanan dipunisiaken saben legokan papan dolanan dhakon pitung kecil. Dolananipun dipunwiwiti kanthi cara pingsut, ingkang menang pingsut saged mlampah rumiyin.



**Gambar 17 : Eling mungsuh Wiku dolanan dhakon (Dok. Husni, 2014)**

## **CATATAN LAPANGAN OBSERVASI**

### **(CLO 18)**

Dinten : Selasa, 9 Desember 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Ngajeng dalemipun Bapak Edi  
Topik : Dolanan engklek

Kiki nembe kemawon wangsul saking sekolahan, Dinten Selasa sonten sampun kangsen kaliyan Eni badhe dolanan engklek. Kiki kaliyan Eni sarujuk badhe engklek pesawat. Engklekipun wonten ing ngajeng dalemipun Pak Edi. Kiki kaliyan Eni pados kreweng lajeng nggambar papanipun kangge dolanan engklek ingkang bentukipun kados *pesawat* utawi motor mabur. Krewengipun lajeng kangge gacuk. Ingkang dolanan sepisan inggih menika Kiki amargi menang pingsutipun.



Gambar 18 : Kiki dolanan engklek gambar *pesawat* (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 19)***

Dinten : Selasa, 9 Desember 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Ngajeng dalemipun Bapak Sujono  
*Topik* : Dolanan Gamparan

Sasampunipun dolanan engklek, Kiki dipungladhen dolanan gamparan. Dolananipun wonten ing ngajeng dalemipun Pak Sujono. Dolanan gamparan menika kados dolanan engklek, kedah engklek kaliyan gacukipun dipunpasang ing nginggil *pergelangan* suku ampun ngantos dhawah. Sanesipun gacuk ugi dipunsamektakaken kreweng kangge *sasaran* ingkang kedah dipungampar saking jarak ingkang sampun dipuntemtokaken ngantos dhawah *sasaran*ipun. Caranipun saged dipuntingali saking gambar ing ngandhap menika.



Gambar 19 : **Kiki gladhen dolanan gamparan** (Dok. Husni, 2014)

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

***(CLO 20)***

Dinten : Selasa, 9 Desember 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Parkiran Masjid Al Irsyad  
*Topik* : Dolanan jamuran

Wonten ing parkiran Masjid Al Irsyad, Abang kaliyan kanca-kanca dolanan jamuran. Dolananipun dipunwiwiti kanthi cara hompimpah kaliyan dipunlajengaken pingsut, ingkang kedah dados inggih menika ingkang kalah pingsutipun. Firman kedah dados lajeng dipunubengi kanca-kanca sinambi nembang jamuran. Firman ingkang dados lajeng milih jamur karet. Abang, Ali kaliyan Wiku kedah urut lajeng gocekan wit dipuntarik Firman saking wingking kados gambar ing ngandhap menika.



**Gambar 20 : Abang, Ali, Wiku kaliyan Firman dolanan jamuran  
jamur karet (Dok. Husni, 2014)**

## ***CATATAN LAPANGAN OBSERVASI***

### ***(CLO 21)***

Dinten : Rebo, 10 Desember 2014  
Wekdal : Sonten  
Papan : Lapangan ler Masjid Al Irsyad  
*Topik* : Dolanan endhog-endhogan

Dinten Rebo sonten Ali kaliyan kanca-kancanipun dolanan endhog-endhogan wonten lapangan ing sisih ler Masjid Al Irsyad. Sinten ingkang kalah hompimpah kaliyan pingsut kedah dados rumiyin. Caranipun dolanan inggih menika kaping setunggal nggambar bunderan kirang langkung *diameter 3meter*. Lajeng saben lare kedah pados watu kangge pirantos dolanan cacahipun tiga. Watunipun dipunkempalaken wonten ing tengah-tengah bunderan. Firman ingkang dados kedah njagi watunipun ampun ngantos dipunpendheti. Menawi Firman boten saged njagi dipunlajengaken ndhelikaken watunipun supados dipunpadosi Firman. Firman kedah mangertos watunipun sinten.



**Gambar 21 : Ali kaliyan kanca-kanca dolanan endhog-endhogan**

(Dok. Husni,2014)

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 01)**

Dinten : Senen, 13 Oktober 2014  
Wekdal : 15.30-16.25 WIB  
Papan : Karanganyar MG III 1227  
*Informan* : Drs. H. Iskandar Rahmat  
Yuswa : 63 taun  
Padamelan : Pensiunan PNS

- Panaliti *Assalamu'alaikum*, sugeng sonten Bapak.
- Informan* *Wa'alaikumusalamwarahmatullahiwarokatuh*, ana apa le?
- Panaliti Nyuwun pangapunten Pak Is, menika kaping setunggal kula badhe silaturahmi sowan dalem Pak Is, lajeng kula badhe nyuwun wekdalipun, nyuwun pangapunten saderengipun, menika kula badhe nyuwun tulung Pak, kula badhe *wawancara* bab dolanan tradhisional ingkang wonten ing Karanganyar saperlu badhe kangge *skripsi* kula.
- Informan* Ooo, ya, piye le, apa sing arep ditakonke?
- Panaliti Menika wonten pitu pitakenan ingkang sampun kula samektaaken, menika kula badhe nyuwun pirsaa kaliyan Bapak.
- Informan* Ya, apa wae le?
- Panaliti Menapa ingkang dipunnwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Sing diarani dolanan tradhisional kuwi ya dolanan sing wis turun temurun, dolanan kuwi *bukan hal yang baru*, lan sing nyiptakake para leluhur.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Engklek, layangan, nekeran, oyak kudu ndhodhok utawa kudu matung, dhakon, egrang, benthik, gobak sodhor, entho-entho, engkol, jamuran. Sangertiku ya mung iku. Eh, ana meneh jethungan utawa dhelikan, playon jek-jekan, sepak sekong, karo mul-mulan. Bocah-bocah lanang karo wadon biasane sok dolanan bareng-

- bareng, ana sing boi-boinan, ana sing jamuran, sok ana sing oyak-oyakan.
- Panaliti menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Pepak, ana akeh piranti sing bisa digunakake kanggo dolanan. Tuladhane wae pring, wetan omah kae akeh pring, sapa sing butuh gari negor wae. Bisa dinggo nggawe egrang, nggawe layangan nganggo kertas benang lem, terus pring ya bisa dinggo dolanan benthik. Benthik ya bisa nganggo tugelan kayu sing siji dawa sing siji cendhak. Yen engklek, gamparan, sepak sekong kae biasane nganggo kreweng pecahan gendheng. Dhakon nganggo wiji kecik apa nganggo wiji nangka sebrang kaya sing neng ngarep omahmu.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Sing rame ya wayah awan tekan sore, yen esuk bocah-bocah padha sekolah. Ning yen wayah prei bocah-bocah dolan awit seka esuk, ana sing engklek, nekeran apa padha gayeng jek-jekan. Jaman dhisik preine malem jemuah, saben bengi bocah-bocah padha jethungan. Dadi ya wektune dipaske ben ora ngganggu bocah sekolah karo sinau.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Cetha kudu dilestariake, dadi dolanan tradhisional kuwi ana *falsafahe*. Nanging ora kabeh wong ngerti apa maksud lan *falsafah* sing ana neng dolanan. Pitutur leluhur iku dilebokake neng njerone dolanan, dadi kudu dijaga dilestariake supayane bocah-bocah iku ngerti yen dolanan tradhisional iku akeh *manfaate*. Lan supaya bocah-bocah iku kenal karo dolanan warisan sing mengku piwulang.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?
- Informan* *Pada dasarnya* kabeh dolanan tradhisional iku mengku piwulang. Nanging ora kabeh wong ngerti apa piwulang sing bisa dijupuk seka dolanan tradhisional. Ana piwulang sing urusane bab urip

- sesama manusia, lan ana piwulang sing gayut karo Gusti Allah. Ana neng ilmu agama kuwi biasane disebut *hablumminillah hablumminannas*.*
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Tuladhane wae jamuran, dolanan jamuran kae gayut karo urip manungsa ana *unsur kerja sama menyatukan tekad*. Nyawiji kanggo bareng-bareng *mencapai sesuatu*. Terus wujud syukur gayut kaliyan Gusti Allah, raos syukur iku bocah-bocah padha sorak-sorak seneng-seneng bebarengan. Kanggo awak dhewe dolanan tradhisional iku adate ngajari bocah supaya bisa jujur. Yen kalah ya kalah, apa yen pas dadi ya kudu gelem dadi, ora entuk urik. Saiki akeh wong sing padha ora jujur mula akeh sing padha *korupsi*. Dadi jujur iku kudu diajarke seka bocah isih cilik, bisa nganggo sarana dolanan tradhisional iku ngajari supaya kulina jujur.
- Panaliti Sampun cekap Pak Is, nyuwun tulung dipunisi kaliyan nyuwun tapak asma kangge *surat pernyataan informan*.
- Informan* Ya le, muga-muga lancar anggonmu skripsi, cepet lulus terus nyambut gawe.
- Panaliti Amiin, matur nuwun sanget Pak is, nyuwun pangapunten menawi kula kathah lepat, cekap sematen atur saking kula, mugi-mugi dados amal sae panjenengan, kula badhe nyuwun pamit, *assalamu'alaikum*.
- Informan* *Wa'alaikumusalamwarahmatullahiwabarakatuh*.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 02)**

Dinten : Senen, 13 Oktober 2014  
Wekdal : 16.40-17.30 WIB  
Papan : Karanganyar MG III 1221  
*Informan* : Rosi Alam Fidiansah, S.Pd.  
Yuswa : 30 taun  
Padamelan : Guru

- Panaliti *Assalamu'alaikum*, sugeng sonten Mas Rosi.
- Informan* *Wa'alaikumusalam*, wee eee ana apa Hus sore-sore kok mrene?
- Panaliti Nuwun sewu mas, nyuwun pangapunten saderengipun, menika kula badhe nyuwun tulung, kula badhe *wawancara* bab dolanan tradhisional ingkang wonten ing Karanganyar saperlu badhe kangge *skripsi* kula mas.
- Informan* *Okey*, ning rasah krama rapapa ya, basaku campuran rapapa ya?
- Panaliti Ooo nggih mas. Boten menapa-napa.
- Informan* Piye, apa wae sing arep ditakonke Hus?
- Panaliti Menapa ingkang dipunnwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Tradhisi iku *terjadi berulang-ulang, kemudian menjadi kebiasaan*. Tradhisi iku asale seka budaya, tembung budi lan daya. Budi tegese *akal pikiran*, daya iku *kemampuan*. Budaya iku ngasilke masarakat, awit seka manungsa iku mahluk sosial, mbutuhake wong liya. Terus ana kebutuhan kanggo *refreshing*. *Entah* awale seka ngendi *muncul* dolanan tradhisional, sing wis diwarisake turun-temurun, dikenal nganti saiki.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Ana akeh dolanan tradhisional sing isih ana neng kene, benthik, egrang, jek-jekan, sepak sekong, endhog-endhogan, boi-boinan, kucingan, jamuran, dingklik oglak-aglik, jamuran, jethungan, engkol, terus sing biyen tak senengi nekeran, layangan karo gobak

- sodhor. Sing mlayu-mlayu biasane cah wedok-wedok seneng yakdhok yaktung, karo ana sing senengane dhakon. Sok ana sing lanang wedok padha dolanan cublak-cublak suweng.
- Panaliti menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Piranti kuwi bisa diarani *media*, dadi klebu bahan karo alat kanggo dolanan. Contone dhakon nganggo papan karo kecik, benthik nganggo kayu apa pring, boi-boinan karo sepak sekong nganggo bal karo kreweng utawa pecahan gendheng, engklek gampanan ya nganggo kreweng, nekeran nganggo neker. Apa meneh ya, tiga jadi kuwi bisa nganggo krikil, godhong apa kertas. Kertas bisa kanggo bahan nggawe layangan.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Wektu dolanan ba'da asyar. Akeh-akehe ya wayah sore, ning biasane wayah bengi padhang bulan bocah-bocah padha metu dolanan bebarengan. Ana sing padha oyak-oyakan, ana sing padha dhelikan. Nganti ana sing ndhelik primpen banget angel digoleki. Kabeh padha kumpul rame-rame apa meneh pas preinan utawa malem prei. Esuk-esuk biasane ana sing padha kangsenan mlaku-mlaku apa mlayu-mlayu, terus padha dolanan bareng-bareng pokoke gayeng. Sing lanang biasane padha dolanan engkol apa nekeran, sing cah wedok senengane padha dhakon.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Amerga dolanan tradhisional iku asiling budaya *nenek moyang*, aja nganti ilang. Dolanan tradhisional ana piwulang dinggo bocah-bocah, bisa kanggo *fisik, moral, etika* lan tanggung jawab. Yen *video game* kae akeh-akehe mung bisa kanggo ngasah otak nanging ora apik dinggo *fisik* lan ora ana piwulang *moral, etika* karo tanggung jawab. *Etika* iku ya ana *hubunganne* karo sing neng ndhuwur Maha Kuwasa, lan tanggung jawab karo masarakat lan pribadi dhewe-dhewe.

- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?
- Informan* Kabeh dolanan tradhisional iku bisa ngajari supayane urip bisa guyub rukun. Neng kono bisa kanggo nglumpukake masa, *saling berinteraksi*, bisa ndadekake rasa guyub rukun bebarengan. Senajan ana dolanan sing nggo individu kaya layangan, nanging dolanan layangan iku ana piwulang supaya bisa tlaten, kapan wayahe ulur apa arep nggodok.
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Iya iku mau, piwulange dolanan tradhisional iku ana sing hubungane manungsa karo Gusti Allah, ana hubungan karo *sesama manusia*, lan piwulang sing bisa kanggo awake dhewe-dhewe, tlaten, wani kendel, ora gampang nyerang, *kreatif lan terampil*.
- Panaliti Inggih Mas Rosi, leres sanget, sampun cekap matur nuwun sanget awit sedayanipun. Nyuwun pangapunten menawi kula sampun ngrusuhi wekdal Mas Rosi, sepisan malih matur nuwun nggih mas.
- Informan* Sami-sami Hus. Wis gek ndang lulus, ra ceki wae. hehe
- Panaliti Inggih, siap. Nyuwun pamit mas, *assalamu'alaikum*.
- Informan* Ya, okey-okey. *Wa'alaikumusalam*.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 03)**

Dinten : Selasa, 14 Oktober 2014  
Wekdal : 16.00-16.55 WIB  
Papan : Karanganyar MG III 1325  
*Informan* : Ricatur Nugroho  
Yuswa : 42 taun  
Padamelan : Wiraswasta

- Panaliti Kula nuwun, assalamu'alaikum.
- Informan* Nggih, wa'alaikumusalam, hehe dek Husni, suwe ora ketok dek, ana apa iki?
- Panaliti Inggih mas Nug, kula nembe ndamel *skripsi*, nyuwun pangapunten saderengipun, menika kula badhe nyuwun tulung, kula badhe *wawancara* bab dolanan tradhisional ingkang wonten ing Karanganyar saperlu badhe kangge *skripsi* kula mas.
- Informan* Ya dek, tak ewangi, arep takon apa?
- Panaliti Menika kula sampun nyamektaaken pitung pitakenan mas, ngrembag bab dolanan tradhisional.
- Informan* Ya, apa wae pitakonamu?
- Panaliti Menapa ingkang dipunnwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Dolanan tradhisional iku dolanan sing wis ana ket suwe, diuri-uri kawit mbiyen.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Akeh dek, jamuran, cublak cublak suweng, dingklik oglak aglik, kuwi dolanan sing nganggo lagu iringan. Trus ana dolanan sing kelompokan kaya jek-jekan, gobak sodhor, ana meneh sing dinggo siji lawan siji kaya dhakon, engkol, mul-mulan apa adu layangan. Sing dinggo bareng-bareng ya akeh, ana dhelikan, benthik, boiboinan, endhog-endhogan, yakdhok, yaktung. Nek sing lanang senengane dho nekeran, engkol apa dolanan layangan. Ning sing

- wedok padha engklek. Ning ya ana sing lanang jago maen engklek.
- Panaliti menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Egrang, layangan, benthik kuwi butuh pring. Bangsane boi-boinan, sepak sekong, engklek, gamparan iku nggunakake kreweng, pecahan gendheng apa ana sing senengane nganggo cuwilan tegel. Endhog-endhogan nganggo watu, mul-mulan nganggo krikil apa godhong. Bocah wedok-wedok arep dhakon biasane nglumpukake wiji sawo kecik apa nganggo wiji sirkaya. Bal kasti dinggo boi-boinan, bal plastik kanggo bal-balan, sepak sekong utawa dolanan kucingan.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Sore tekan magrib, yen wis wayah surub padha mulih. Saben rina padhang bulan ana sing padha gojek dolanan bareng-bareng. Ana sing dolan pas malem prei, kaya saben malem minggu. Yen awan wis padha bali sekolah biasane padha dolan bar luhuran bisa nganti tekan sore.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Kudu dilestariake supayane ora punah, eman-eman yen punah. Bocah-bocah bisa ora kenal dolanan tradhisional *padahal* dolanan tradhisional iku warisan budaya. Dolanan tradhisional bisa kanggo ngrumaketake sesrawungan bocah-bocah.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun lan piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Ngaranku kabeh ki ana piwulange dek, dolanan tradhisional iku akeh gunane, bisa kanggo *jasmani* lan *rohani*. Piwulang sing akeh yaa piwulang kanggo *kerja sama*, lungtinulung, lan bisa kanggo nglatih *kesabaran*. Contone wae layangan apa egrang. Yen ora sabar ora tlaten ya layangane ra muluk-muluk, sing dolanan egrang kudu tlaten, wani ajar senajan sok nganggo tiba barang. Terus yen

- pas dolanan ora entuk urik, kudu jujur karo liyane. Yen senengane ngapusi ya kanca-kancane padha ora seneng.
- Panaliti** Matur nuwun Mas Nug, sampun cekap. Matur nuwun sampun kersa kula *wawancara*, lemah teles Gusti Allah ingkang mbales. Sampun nggih mas, kula badhe nyuwun pamit nggih . *Assalamu'alaikum*
- Informan** *Wa'alaikumusalam*. Nggih dek, sami-sami. Aja lali sesuk yen wis sela nyerang mancing ngalor ya dek.
- Panaliti** Hehe inggih Mas Nug, sangu wadhah menapa kepis gedhe.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 04)**

Dinten : Selasa, 14 Oktober 2014  
Wekdal : 19.40-20.35 WIB  
Papan : Karanganyar MG III 1245  
*Informan* : Muhammad Ilma Ridwan  
Yuswa : 16 taun  
Padamelan : Siswa SMK

Panaliti *Assalamu'alaikum.*

*Informan* *Wa'alaikumsalam.*

Panaliti Sela ora Win? Njaluk tulung tak *wawancara* dinggo *skripsiku* ya?

*Informan* Sela mas, hla *wawancara* apa iki mas? Kok aku sing di*wawancara*?

Panaliti Bab dolanan tradhisional Win. Iki ana pitung pitakonan. Kowe perwakilan seka APIKA Win, kan ketuane kowe. Pak Iskandar nunjuk kowe karo Endah seka KRA.

*Informan* Ya mas.

Panaliti Menapa ingkang dipunnwastani dolanan tradhisional?

*Informan* Dolanan tradhisional yaiku dolanan zaman biyen, *sejak dahulu kala*, lan saiki isih dinggo dolanan bocah-bocah.

Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?

*Informan* Layangan, nekeran, jek-jekan, boi-boinan, dhelikan, gobak sodhor, jamuran, cublak cublak suweng, engklek, benthik, yakdhok yaktung, gobak sodhor, egrang, kucingan, engklek gamparan, trus dhelikan sing nganggo kreweng apa bal kae sepak sekong. Dolanan kanggo sing cah lanang-lanang biasane layangan, nekeran, jek-jekan, egrang. Sing dinggo cah wedok-wedok biasane engklek, dhakon karo gamparan.

Panaliti menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?

*Informan* Kayu apa pring, bal kasti, bal plastik, kreweng, wiji sawo apa sirsat,

- senar, layangan, tempolong, neker, watu, krikil, godhong.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Sore bar asyar, esuk pas prei, mbengi pas malem preinan. Awan bali seka sekolah.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Aja nganti dolanan tradhisional kuwi ilang. Soale bisa kanggo warisan, bisa dinggo anak cucu. Dadi ibarate dolanan tradhisional iku kaya PSIM mas, padha-padha warisan simbah kudu dijaga dilestariake. Supaya bocah-bocah saiki ora mung senengane dolanan modern. Dadi dolanan tradhisional bisa tetep lestari lan aja nganti ketagihan dolanan modern.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?
- Informan* Dolanan tradhisional iku akeh-akehe *berdampak positif* kanggo sapa wae sing dolanan. Sing obah kaya mlayu-mlayu kae bisa kanggo *kesehatan* kaya yakdhok yaktung sepak sekong dhelikan jek-jekan, gobak sodhor, boi-boinan. Bisa kanggo dolan ben kabeh nyedulur rukun seneng *gotong royong*.
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Nek sing akeh yaa *kejujuran* mas. *Intine* ya kudu jujur karo sapa wae, nek ra jujur kan dosa gek ora ana kancane. Dolanan tradhisional ki ya mung *sederhana* mas, bisa dinggo nguripke *kreatifitas* bocah-bocah, bisa kanggo nglatih *mental*.
- Panaliti Okey Win, matur nuwun ya. Wis bengi tak pamit sik. Matur nuwun ya.
- Informan* Yak, okey mas, sami-sami. Ati-ati ya mas.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 05)**

Dinten : Rebo, 15-Oktober-2014  
Wekdal : Ba'da asyar.  
Papan : Karanganyar RT 58 RW 16 MG III 1296B  
*Informan* : Endah Ayu Fitriani  
Yuswa : 17 taun  
Padamelan : Siswi SMA

- Panaliti Kula nuwun, assalamu'alaikum.
- Informan* Wa'alaikumsalam.. mangga mas, wonten menapa nggih?
- Panaliti Kula nembe ndamel *skripsi* dhik, nyuwun tulung, kula badhe *wawancara* bab dolanan tradhisional. Dhik Endah minangka ketua Kampung Ramah Anak, supados saged dados *narasumber* kula.
- Informan* Nggih mas.
- Panaliti Menika kula sampun nyamektaaken pitung pitakenan ngrembag bab dolanan tradhisional.
- Informan* Kok akeh mas, hehe. Menapa mawon?
- Panaliti Sekedhik kok gampil-gampil dhek. Menapa ingkang dipunwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Dolanan tradhisional kuwi dolanan sing dinggo dolanan bocah-bocah, ket jaman dhisik nganti tekan saiki isih ana. Bisa kanggo *hiburan* lan ngisi wektu kosong.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Akeh mas, cah wedok-wedok senengane dhakon, yak dhok yak tung, engklek, sok-sok padha jamuran apa dolanan dingklik oglak-aglik. Cah lanang-lanang padha dolanan bal, sok dinggo bal-balan, sepak sekong, kucingan. Terus ana benthik, nekeran, mul-mulan, engkol, gobak sodhor apa jek-jekan. Sing nggo dolanan bareng-bareng biasane jamuran, dhelikan, cublak-cublak suweng karo boi-boinan. Neng ngisor wit so biasane cah wedok-wedok padha

- dolanan engklek apa gamparan mas. Neng KRA ana dolanan egrang biasane dinggo cah lanang-lanang. Aku ya sok weruh biasane sing lanang-lanang nek pas prei TPA padha dolanan layangan.
- Panaliti menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Bal, kreweng, neker, kayu, pring, kecik, krikil.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Sore mas, paling rame sore, soale nek esuk padha isih sekolah. Kejaba pas prei biasane padha dolanan seka esuk, awan nganti sore.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Ya aja nganti punah mas, eman-eman nek ilang, kan bisa dinggo *hiburan* dolanan bareng-bareng. Nek ora ana dolanan dadi ora gayeng. Aja nganti bocah-bocah dadi lali karo dolanan tradhisional.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?
- Informan* Biasane dolanan sing kanggo bebarengan mas, kaya jamuran, gobak sodhor, cublak-cublak suweng, dhelikan, sepak sekong kuwi kabeh bisa kanggo ngajari bocah-bocah ben *kompak kerja sama*, bisa nggawe bocah-bocah padha akur.
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Piwulange ya ngajari kekompakan mas, terus bisa nggawe guyub bocah-bocah dadi akur. Bocah-bocah dadi padha seneng gojek gayeng bareng-bareng.
- Panaliti Nggih dik, sampun. Cekap dek, matur nuwun sanget, nyuwun tulung *tanda tangan* ngisi surat *pernyataan informan* ya dhik.
- Informan* Inggih mas, sami-sami, mugi-mugi saged migunani.
- Panaliti Nyuwun pamit nggih dhik, sepisan malih matur nuwun sanget, assalamu'alaikum.
- Informan* Inggih mas, ngatos-atos nggih, ndherekaken, wa'alaikumsalam.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 06)**

Dinten : Senen, 5-Januari-2015  
Wekdal : Ba'da asyar  
Papan : Karanganyar MG III 1237 Yogyakarta  
*Informan* : Yuliani  
Yuswa : 44 taun  
Padamelan : Wirausaha

- Panaliti Kula nuwun, assalamu'alaikum.
- Informan* Wa'alaikumsalam.. mangga mlebet lenggah mas, wonten menapa?
- Panaliti Kula badhe *wawancara* bab dolanan tradhisional.
- Informan* Ooo, sing Fafa kae mas? Nggih kula siap mas.
- Panaliti Menika kula sampun nyamektaaken pitung pitakenan, Bu.
- Informan* Menapa kemawon mas? Tak jawab sangertiku ya, mas.
- Panaliti Inggih Bu, boten menapa-napa. Menapa ingkang dipunwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Dolanan sing wis diwariske *turun-temurun*, bisa kanggo bocah lanang utawa wadon, wis seka jaman dhisik nganti saiki, bisa kanggo bocah cilik utawa mudha-mudhi.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Sangertiku ana akeh mas, dhakonm dhelikan utawa jethungan, cublak-cublak suweng, boi-boinan, engklek, gamparan, jamuran, gobak sodhor, egrang, layangan, sepak sekong, trus nekeran.
- Panaliti Menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Godhong, pring, kreweng utawa pecahan gendheng, watu, kertas, krikil, nek nggo jejekan biasane neng wit apa tiang listrik mas.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Biasane sore mas, sing penting ora ngganggu wayahe sinau. Apa pas preinan, bocah-bocah biasane dolan kawit esuk. Ning nek

- wayahe sholat padha bali dhisik sok bareng-bareng padha neng mesjid trus dolanan meneh.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Supayane bisa nglestarikake budaya warisan, supaya dolanan tradhisional iku ora ilang mas. Dolanan tradhisional iku murah lan carane dolanan tradhisional iku gampang.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?
- Informan* Dolanan tradhisional ana sing nduweni piwulang, tuladhane dhakon, gobak sodhor, egrang, layangan, nekeran.
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional?
- Informan* Nek dhakon kae bisa kanggo ajar etung, gobak sodhor kae kudu konsentrasi supaya ora kejawil pas dolanan gobak sodhor. Liyane kaya egrang lan layangan kae kudu tlaten lan sabar, layangan kae kudu bisa ngerti kapan wayahe nguluri apa diukel, pas ngundho kudu sabar ben layangane bisa muluk. Boi-boinan lan gobak sodhor ya ana piwulang kudu *kerja sama* ben bisa menang.
- Panaliti Sampun cekap Bu, matur nuwun sanget, kaliyan menika nyuwun tulung *tanda tangan* ngisi surat *pernyataan informan* nggih.
- Informan* Inggih mas Husni, mung bisa ngewangi sithik, matur nuwun dek Adnan wis diajari aksara Jawa.
- Panaliti Inggih Bu sami-sami, matur nuwun sanget, lajengan badhe nyuwun pamit, assalamu'alaikum.
- Informan* Inggih mas, ngatos-atos nggih, ndherekaken, wa'alaikumsalam.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 07)**

Dinten : Selasa, 6-Januari-2015  
Wekdal : Sonten  
Papan : Karanganyar RT: 58 RW: 16  
*Informan* : Anisa Dali Darto  
Yuswa : 20 taun  
Padamelan : Mahasiswi

- Panaliti Assalamu'alaikum.
- Informan* Wa'alaikumsalam.. mangga lenggah mas.
- Panaliti Matur nuwun dek, menika kula siyos *wawancara* nggih dek. Kua mbetahaken data saking *narasumber* ingkang boten dolanan.
- Informan* Inggih mas.
- Panaliti Menika sampun kula samektaaken pitakenan.
- Informan* Inggih mas, menapa? Hehe ning aku ra karma rapapa ya mas.
- Panaliti Menapa ingkang dipunwastani dolanan tradhisional?
- Informan* Dolanan tradhisional iku dolanan sing wis ana ket jaman mbiyen mas, isih ana nganti tekan saiki. Ning aku jarang dolanan mas, aku jarang dolan.
- Panaliti Menapa dolanan tradhisional ingkang taksih lestantun wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Duh apa ya mas, ketoke engklek, egrang, aku kurang ngerti e mas.
- Panaliti Nggih dek, boten menapa. Menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional?
- Informan* Pirantos ki alat ta mas? Contone kreweng karo pring mas.
- Panaliti Kados pundi wekdal ingkang sae kangge dolanan?
- Informan* Nek ngaranku ya sore mas.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken?
- Informan* Ben ora punah mas, ben tetep bisa kanggo dolanan bocah-bocah.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun?

- Informan* Hadeh, apa ya mas, ketoke ra ana mas. Eh, ana ding mas, ngklek kae bisa kanggo olahraga, egrang kae nglatih ben seimbang.
- Panaliti* Sampun cekap dek, matur nuwun sanget, tulung diisi surat *pernyataan informan* nggih dek, kaliyan tapak asma, tandha tangan dek. Sekaliyan kula nyuwun pamit dek.
- Informan* Inggih mas, nyuwun pangapunten hlo mas.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA  
(CLW 08)**

- Dinten : Rebo, 7-Januari-2015  
 Wekdal : Sonten  
 Papan : Karanganyar MG III 1310 RT: 62 RW:17  
*Informan* : Adil Bangkit  
 Yuswa : 17 taun  
 Padamelan : Siswa SMK
- Panaliti* Assalamu'alaikum.
- Informan* Wa'alaikumsalam.
- Panaliti* Dil, aku njaluk tulung tak *wawancara* bab dolanan tradhisional ya?
- Informan* Okey mas.
- Panaliti* Menapa ingkang dipunwastani dolanan tradhisional? Apa sing diarani dolanan tradhisional?
- Informan* Dolanan jaman mbiyen mas, isih lestari, nggunakake alat saanane.
- Panaliti* Apa wae dolanan tradhisional sing isin lestari Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta?
- Informan* Akeh mas, sepak sekong, layangan, nekeran, engkol, kucingan, jek-jekan, jamuran, gobak sodhor, endhog-endhogan, dhakon, cublak-cublak suweng, dhelikan, trus boi-boinan, engklek wis during mas? Engklek, egrang, dhingklik oglak aglik.
- Panaliti* Menapa kemawon pirantos ingkang saged kangge dolanan tradhisional? Alat sing bisa kanggo dolanan tradhisional apa wae, Dil?

- Informan* Kayu, kreweng, watu, kecik, pring, bal kasti, bal plastic, senar nggo layangan, trus krikil.
- Panaliti Wektu kanggo dolanan?
- Informan* Penak sore mas, eyub. Apa ket esuk nek pas prei karo mbengine pas. Nek angger esuk prei bengine bisa nggo dolanan dhelikan mas.
- Panaliti Kenging menapa dolanan tradhisional kedah dipunlestantunaken? Dadi kenapa dolanan tradhisional kudu dilestariake?
- Informan* Supayane dolanan tradhisional iku ora ilang mas, bisa kanggo dolanan cah-cah, supaya bisa ngerti ana dolanan tradhisional neng Karanganyar kene mas.
- Panaliti Dolanan tradhisional menapa ingkang wonten piwulangipun? Dolanan apa sing ana piwulang, ana *pendidikane*?
- Informan* Dolanan peplayon kae bisa marai sehat mas, trus bisa nggo seduluran. Kekancan karo liyane ben bisa nggo ngajari cah-cah. Dolanan tradhisional ya ngajari jujur, kreatif lan kanggo seneng-seneng bebarengan.
- Panaliti Piwulang menapa ingkang wonten ing salebeting dolanan tradhisional lan contone dolanan sing ana piwulange?
- Informan* Ya kuwi mau mas, jujur, kreatif, sabar, trus karo kerja sama mas. Contone dolanan kucingan, gobak sodhor, jek-jekan, akeh e mas. Trus layangan kae ben bisa muluk kudu ana sing nguloke ana sing mbendrongke. Kabeh ana manfaate mas, piwulange apik-apik.
- Panaliti Sip, nuwun ya Dil. Iki diisi trus ditandhatangani ya.
- Informan* Okey mas, siap... padha-padha mas.

**SURAT PERNYATAAN INFORMAN**

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :


Asma : ISKATHOATL  
Yuswa : 63 TH  
Padamelan : PENSUNJAW PNS  
Dalemipun : KARANGANYAR MG 3/1227

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejangkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 13 Oktober 2014



Handwritten signature and a stamp that reads "ISKATHOATL".

**SURAT PERNYATAAN INFORMAN**

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :

Asma : ROSI ALAM FIDIAWISAH  
Yuswa : 30  
Padamelan : EUPRO  
Dalemipun : KARANGANYAR MS II / 1221 JK

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejengkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 13 OKTOBER 2014

( ROSI ALAM F )

**SURAT PERNYATAAN INFORMAN**

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :

Asma : Ricatur Nugroho  
Yuswa : 42  
Padamelan : Wirasasta  
Dalemipun : Karanganyar 15 III/1325\*

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejangkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 14 - Oktober - 2014

  
Ricatur Nugroho

***SURAT PERNYATAAN INFORMAN***

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :


Asma : *Mahammad Ilma Ridwan*  
Yuswa : *16 th*  
Padamelan : *Siswa SMK*  
Dalemipun : *Karanganyar mg"/245 Yogyakarta*

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : *Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta*

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan *observasi* bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejengkeping ngrantam *Tugas Akhir Skripsi*.

Yogyakarta, 14 Oktober 2014

  
(Mahammad Ilma Ridwan)

**SURAT PERNYATAAN INFORMAN**

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :

Asma : Endah Ayu . F.  
Yuswa : 17 tahun  
Padamelan : Pelajar  
Dalemipun : Karanganyar RT 58 RW 16 ME III / 1296 B Yk

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejengkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 15 Oktober 2014



[Endah Ayu F.]

*SURAT PERNYATAAN INFORMAN*

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :


Asma : YULIAMI, SPB  
Yuswa : 44 THN  
Padamelan : WIRALSAHA  
Dalemipun : KARANGANYAR MG III/1237 YK

Kula ngandharaken bilih *mahasiswa* ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken *wawancara* kaliyan *observasi* bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge *data* jejengkeping ngrantam *Tugas Akhir Skripsi*.

Yogyakarta, 5- Januari - 2015



*SURAT PERNYATAAN INFORMAN*

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :

Asma : Anisa Dali Darto  
Yuswa : 20 taun  
Padamelan : Mahasiswa  
Dalemipun : Karanganyar, RT: 50 RW: 16

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejengkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 6 Januari - 2015



**SURAT PERNYATAAN INFORMAN**

Kula ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika :


Asma : ADIL BANGKIT W.  
Yuswa : 17.  
Padamelan : MURID SMK N 5.  
Dalemipun : KARANGANYAR/MB 1310.

Kula ngandharaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika :

Nama : Husni Mubarak  
NIM : 10205241025  
Jurusan/Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah/Jawa  
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni  
Irah-irahan Panaliten : Piwulang ing Salebeting Dolanan Tradhisional ing  
Karanganyar Kelurahan Brontokusuman  
Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Mahasiswa ingkang kasebutaken menika saestu sampun nindakaken wawancara kaliyan observasi bab dolanan tradhisional wonten ing Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta, saperlu badhe kangge data jejangkeping ngrantam Tugas Akhir Skripsi.

Yogyakarta, 7 - Januari - 2015

  
(ADIL BANGKIT W)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207  
<http://www.fbs.uny.ac.id/>

FRM/FBS/33-01  
10 Jan 2011

Nomor : 1040e/UN.34.12/DT/IX/2014  
Lampiran : 1 Berkas Proposal  
Hal : **Permohonan Izin Penelitian**

8 September 2014

**Kepada Yth.**  
**Walikota Yogyakarta**  
**c.q. Kepala Dinas Perizinan Kota Yogyakarta**

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul:

**PIWULANG ING SALEBETING DOLANAN TRADHISIONAL WONTEN ING KARANGANYAR  
KELURAHAN BRONTOKUSUMAN KECAMATAN MERGANGSAN YOGYAKARTA**

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : HUSNI MUBAROK  
NIM : 10205241025  
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
Waktu Pelaksanaan : Juni – Juli 2014  
Lokasi Penelitian : Karanganyar Kelurahan Brontokusuman Kecamatan Mergangsan Yogyakarta

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan  
Kasubbag Pendidikan FBS,

Indun Probo Utami, S.E.  
NIP.19670704 199312 2 001



PEMERINTAH KOTA YOGYAKARTA  
**DINAS PERIZINAN**

Jl. Kenari No. 56 Yogyakarta Kode Pos : 55165 Telp. (0274) 555241, 515865, 515866, 562682  
Fax (0274) 555241  
EMAIL : perizinan@jogjakota.go.id  
HOT LINE SMS : 081227625000 HOT LINE EMAIL : upik@jogjakota.go.id  
WEBSITE : www.perizinan.jogjakota.go.id

**SURAT IZIN**

NOMOR : 070/2826  
5491/34

Membaca Surat : Dari Dekan Fak. Bahasa dan Seni - UNY  
Nomor : 1040e/UN.34.12/DT/IX/2014 Tanggal : 08/09/2014

Mengingat : 1. Peraturan Daerah Kota Yogyakarta Nomor 10 Tahun 2008 tentang Pembentukan, Susunan, Kedudukan dan Tugas Pokok Dinas Daerah  
2. Peraturan Walikota Yogyakarta Nomor 85 Tahun 2008 tentang Fungsi, Rincian Tugas Dinas Perizinan Kota Yogyakarta;  
3. Peraturan Walikota Yogyakarta Nomor 29 Tahun 2007 tentang Pemberian Izin Penelitian, Praktek Kerja Lapangan dan Kuliah Kerja Nyata di Wilayah Kota Yogyakarta;  
4. Peraturan Walikota Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2011 tentang Penyelenggaraan Perizinan pada Pemerintah Kota Yogyakarta;  
5. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor: 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pendataan, Pengembangan, Pengembangan, Pengkajian dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta;

Dijijinkan Kepada : Nama : HUSNI MUBAROK NO MHS / NIM : 10205241025  
Pekerjaan : Mahasiswa Fak. Bahasa dan Seni - UNY  
Alamat : Kampus Karangmalang, Yogyakarta  
Penanggungjawab : Dr. Purwadi, M.Hum.  
Keperluan : Melakukan Penelitian dengan judul Proposal : PIWULANG ING SALEBETING DOLANAN TRADHISIONAL ING KARANGANYAR KELURAHAN BRONTOKUSUMAN KECAMATAN MERGANGSAN YOGYAKARTA

Lokasi/Responden : Kota Yogyakarta  
Waktu : 09/09/2014 Sampai 09/12/2014  
Lampiran : Proposal dan Daftar Pertanyaan  
Dengan Ketentuan : 1. Wajib Memberi Laporan hasil Penelitian berupa CD kepada Walikota Yogyakarta (Cq. Dinas Perizinan Kota Yogyakarta)  
2. Wajib Menjaga Tata tertib dan mentaati ketentuan-ketentuan yang berlaku setempat  
3. Izin ini tidak disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan Pemerintah dan hanya diperlukan untuk keperluan ilmiah  
4. Surat izin ini sewaktu-waktu dapat dibatalkan apabila tidak dipenuhinya ketentuan -ketentuan tersebut diatas  
Kemudian diharap para Pejabat Pemerintah setempat dapat memberi bantuan seperlunya

Tanda tangan Pemegang Izin

HUSNI MUBAROK

MENGETAHUI

NO. 070, 11 / BH / DT / 2014

Dikeluarkan di : Yogyakarta  
pada Tanggal : 10-9-2014

An. Kepala Dinas Perizinan  
Sekretaris

ENY RETNOWATI, SH

NIP. 196103031988032004

Tembusan Kepada :

- Yth. 1. Walikota Yogyakarta (sebagai laporan) NIP. 19606091991022001  
2. Camat Mergangsan Kota Yogyakarta  
3. Lurah Brontokusuman Kota Yogyakarta  
4. Dekan Fak. Bahasa dan Seni - UNY

470/313.  
10-9-2014